

DEVOSYON JOUNEN AN
PAWÒL PWOFEK OU CHAK JOU

NIMEWO

1

Jan - Fev - Mas

2026

BonNouvèl

Jounen an

GRATIS
PA POÙ YANN

PRIME NOUVO PÈLÈ POU DEVOSYON
SA DELA KIFÈ LI KAPAB DISTRIBYE GRATIS

Menm jan ak dlo frèt pou yon nanm ki swaf, se konsa BonNouvèl ki sot nan peyi lwen ye (Pwovèb 25:25).

Uebert & BeBe
ANGEL



KONSÈNAN DEVOSYON AN

Devosyon BònNouvèl Jounen an se Pawòl pwofetik ou pou jounen an e se yon resous Kreyen trè apresye ki ekri ak anpil swen pou pote anrichisman espirityèl chak jou nan ane a. Li ofri ide pwofon, revelasyon pisan, ak

DEKLARASYON PWOFETIK chak jou nan objektif pou gide lektè yo nan yon lavi ki santre sou Kris, ki pran rasin nan ansèyman transfòmatif ak revelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Pibliye chak 3 mwa, devosyon sa distenge li nan fason li etann li nan mond la, kote ke li disponib gratis nan yon pakèt lang pou depase baryè lengistik yo epi asire ke mesaj pou chanje lavi li yo aksesib tout kote nan mond la. Avèk twa edisyon inik, pou Granmoun, Adolesan, ak Timoun, Devosyon BònNouvèl Jounen an pote Pawòl pwofetik la bay chak jenerasyon, pou bay fanmi yo pouvwa pou yo grandi ansanm nan lafwa ak revelasyon.

UEBERT AK BEVERLY ANGEL

Ak yon gwo richès eksperyans nan ministè a plen tan, Uebert ak Beverly Angel vin tounen vwa ki enpòtan anpil nan pataje BònNouvèl gras Bondye a (Euangelion) ak fè avanse ministè pwofetik la tout kote nan mond lan. Antanke otè ki gen anpil siksè nan liv enfliman tankou Spiritual Warfare, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, Grace Driven Life, ak Devosyon BònNouvèl Jounen an, yo fè gwo kontribisyon nan literati Kreyen an. Renome pou vizyon, inovasyon, ak lidèchip dinamik yo, Uebert ak Beverly Angel se oratè konferans ke yo ap chache anpil. Kòm pyonyè mondyal ak fondatè Legliz GoodNews (Spirit Embassy) ak detantè ofis Pwofèt la, yo gen yon enpak pwofon sou lavi plizyè milyon moun atravè mond lan, gide pa yon angajman san parèy pou simaye revelasyon BònNouvèl la ak pouvwa transfòmatif ki genyen nan gras Bondye a (Euangelion).





BYENVINI NAN LANE LWIL ETRANJ LA

Travay 19:11 (KJV)

Epi Bondye te fè mirak espesyal pa mwayen Pòl.

Mo “fòje” nan vèsè sa a soti nan mo grèk poiéō, ki vle di konstwi oswa modle yon bagay yon fason kreyatif. Sa revele ke mirak ki tap fèt nan Efèz yo te gen yon nati kreyatif, mirak etranj, ekstraòdinè ki pat janm wè anvan.

Apot Pòl te twouve l’ap opere nan yon domèn mirak ki te ekstraòdinè, byen lwen pi lwen pase sa’l te espere, ki te depase tout mirak li te deja fè eksperyans nan ministè li. Se te fenomèn sipènatirèl nan pi wo nivo. Remake fraz “pa mwayen Pòl.” Li montre nou ke Bondye akonpli objektif li yo atravè pitit li yo. Pa mwayen ou menm, temwayaj etranj pral rive. Ou pral fè bagay yo poko wè nan fanmi’w, nan biznis ou, nan nenpòt bagay ki konsène’w, epi sa kòmanse kounye a!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Sa se ane eksplwa ak mirak sinatirèl mwen yo. Mwen pwofetize sou chak jou nan nouvo ane sa pou pote pi bon bagay Bondye yo pou mwen. Sa se pa ane mwen echwe; se ane mwen genyen nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTÈ
Mak 16:17-18



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 1
Jenèz 1-3
Matye 1

VANDREDI, 2 JANVYE

GoodNews
DAILY

KOTE SIY YO?

Mak 16:17-18 (KJV)

Men siy ki va swiv moun ki kwè yo; nan non mwen, y'a chase move lespri; y'a pale nouvo lang; y'a kenbe sèpan nan men yo; si yo bwè yon bagay ki ka touye moun, li p'ap fè yo mal; y'a mete men sou mal-ad yo, epi yo va geri.

Jezi mete aksan sou siy ki idantifye moun ki kwè nan li yo. Sa vle di si'w vrèman kwè nan Jezi, ou pa ka janm pè. Si'w pè maladi, patwon'w, kòmanse yon biznis, oswa relasyon, alòs nan ki Bondye ou te kwè?

Lekriti jodiya deklare ke siy etranj ak pwisan ap swiv moun ki kwè nan Bondye. Si siy yo pa swiv ou, verifye nivo lafwa ou.

Mwen te deja mete men sou plizyè milye moun ki te gen kèk nan maladi ki pi kontajye ke lèzòm konnen, men mwen pa janm pè pou'm enfekte. Mwen konnen kiyès mwen ye, epi lapèrèz pa nan ADN mwen.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Ane Lwil Etranj Sa a, mwen p'ap afekte pa okenn bagay mòtèl oswa negatif. Dyab la te vini twò ta pou fè'm tonbe, mwen deja genyen nan non Jezi! Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

Lik 10:19



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 2

Lik 1:1-20

Sòm 1-3

SAMDI, 3 JANVYE



MWEN KWÈ NAN MIRAK

Ebre 2:4 (NLT)

Bondye te konfime mesaj la avèk siy, mèvèy, divès mirak ak don Sentespri yo chak fwa li te vle.

Se malere pou wè gen kèk moun k'ap site Labib ki pretann ke mirak pa egziste ankò, men opinyon sa yo defòme e san fondman. Gen kèk nan nou ki viv, respire, wè, epi fè eksperyans mirak chak jou. Kwè nan Bondye se kwè nan bagay sipènatirèl. Si'w pa kwè nan mirak, ou pa kwè nan Bondye!

Yon mirak se entèvansyon sinatirèl Bondye nan zafè lèzòm. Bondye, ki se Lespri, ap viv nan domèn lespri a. Lè Li reponn priyè soti nan domèn envizib sa a pou'l vin nan domèn vizib la, se yon mirak.

Nan Ane Lwil Etranj Sa a, Bondye vle leve mirak nan lavi'w. Nou nan yon sezon eksplwa san parèy ke moun poko janm wè. Kòmanse aji sou Pawòl la epi bati lafwa'w jiskaske sipènatirèl la vin natirèl nan lavi'w.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pwoklame yon lavalas mirak nan lavi'm kounye a pa pouvwa Sentespri a mete nan mwen! Nenpòt bagay ki pap byen fonksyone, manifeste kounye a ak son vwa mwen nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTE
Mak 16:20



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 3
Jenèz 4-6
Matye 2



CHWAZI YON PÒT

Matye 7:13 (KJV)

Antre nan pòt jis la. Paske, pòt chemen ki mennen nan destriksyon an laj, epi wout li a gran anpil; epi gen anpil moun ki antre ladan'la.

Imajine yo voye'w nan yon misyon avèk de opsyon: wout fasil la ki mennen nan lanmò, oswa wout difisil la ki mennen nan lavi. Chak moun ki ale legliz ta dwe chwazi dezyèm opsyon an. Ki moun ki ta vle pèdi lavi yo, pa vre? Men, li pa konsa.

Gen kèk kretyen ki twouve yo sou wout “fasil” mond lan, yon wout pave ak limyè klere, bèl mizik atiran, relasyon amizan, ak tout sa “otowout pafè” lavi a sanble ofri. Men, èske li vrèman pafè?

Frè'm yo, dyab la pa ka fè Lanfè bèl, se poutèt sa li anbeli wout ki mennen ladann. Fè atansyon ak tout cham fo ak tanporè mond lan. Fè ane sa tounen ane nou pap janm devye soti nan pòt etwat ki mennen nan lavi etènèl la.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pwofetize ke lavi'm pap janm pèdi sou gran chemen an. Nan Ane Lwil Etranj Sa a, je'm yo ouvè plis toujou sou magouy lènmi an. Dyab la vini twò ta; mwen pa janm kite yo distrè'm! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Lik 13:24



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 4

Jenèz 7-9

Matye 3

LENDI, 5 JANVYE



PLONJE LADANN!

Mak 9:38-39 (NLT)

Jan di Jezi konsa: “Mèt, nou te wè yon moun ki t’ap chase demon nan non’w, men nou te di’l sispann fè sa paske li pa’t avèk nou.”

Jezi di: “Pa fè sa. Pa gen moun ki fè mirak nan non mwen ki pral kapab pale mal de mwen aprè sa.

Mwen te konn obsève timoun piti’m yo ap fè konpetisyon pou yo se premye ki “denonse” move zak youn lòt. Nenpòt jou, omwens youn nan yo tap pote yon rapò. Mwen imajine kijan sa te ye pou disip yo lè yo te “denonse” bay Jezi “moun” ki t’ap imite yo a. Men, olye Jezi te reprimande nonm nan, li te felisite’l.

Nonm sa pa’t tann anyen, li te tou senpleman kòmanse chase move lespri yo nan non Jezi! Nou pa menm konnen kiyès “moun” li te ye, men se te yon sòlda brav! Li te obsève byen, epi lè’l te wè opòtinite a, li te kòmanse fè egzakteman sa Jezi t’ap fè a!

Ane sa a, pa tann anyen. PLONJE LADANN! Bri reveye yo fò, Nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Ane sa a, mwen plonje avèk anpil eksitasyon nan sa Bondye ap fè a. Mwen se “moun” sa a, sòlda sa ki pral fè eksplwa yo nan non Jezi. Alélouya!



ETID KONPLEMANTE

1 Korint 12:3



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 5

Jenèz 10-12

Matye 4



LAPRIYÈ SOU-KONTRAKTE

Zakari 4:6 (KJV)

Lè sa a, li reponn mwen, li di'm konsa: -Men pawòl Seyè a pou Zow-obabèl: Se pa avèk fòs, ni ak pouvwa! Men se avèk lespri mwen m'ap fè sa. Se sa Seyè ki gen tout pouvwa di.

Se yon reyalite tris ke gen kèk kretyen ki panse lavi a se yon bagay. Yo san sousi pou pwoblèm ki konsène lespri yo. Yo priye twa minit pa jou, epi yo fini, si yo sonje priye. Nan ra jou yo deside priye yo, distraksyon vòlè atansyon yo. Men, yon sèl bagay yo pa janm bliye se mande lòt moun pou priye pou yo.

Ou wè, move rèv ou yo ap fini lè'w dekouvri efikasite lapriyè pèsònèl. Vèsè jodiya souvan site avèk espwa, pandan moun deklare ke Bondye ap ede'w. Men, kijan Li ka fè sa si'w pa't kominike avè'l nan lapriyè? Kijan Lespri Li ka montre Li fò lè tout priyè'w yo konfyè bay lòt moun? Sispann sou-kontrakte lavi esprityèl ou. Pran kontwòl epi kòmanse pran tan pou priye oumenm.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pran tout responsablite lavi lapriyè mwen jodiya. Pandan m'ap priye kounye a, m'ap mache nan dominasyon konplè, viktwa ak glwa k'ap grandi san rete, nan non Jezi.



ETID KONPLEMANTE

1 Jan 5:14



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 6

Jenèz 13-15

Matye 5:1-26

GoodNews
DAILY

CHWAZI OBEYISANS

Filip 2:8 (KJV)

Epi lè li te parèt tankou yon moun, li te imilye tèt li, li te vin obeyisan jouktan li mouri, menm jouktan li mouri sou lakwa.

Nan Jaden Jetsemane a, nan dènnye moman anvan yo te arete Jezi pou yo te krisifye'l, li te priye ak tout kè'l, li te di: "Papa, si'w vle, retire gode sa a devan'm; toutfwa, se pa volonte'm ki pou fèt, men volonte pa ou" (Lik 22:42). Èske'w wè sa? Senyè Jezi pa't vle fè sa; se te yon bagay difisil ke li te dwe fè, men li te fè'l kanmenm! Obeyisans pa gen rapò ak sa'w renmen; men se sa Bondye renmen pou ou.

Vèsè tèm nou an anseye ke egzaltasyon Jezi a te vini paske li te obeyisan jiska lanmò. Menm nan moman ki pi difisil yo, li te rete obeyisan. Frè'm ak sè'm yo, mirak ou vle a se lòt bò obeyisans lan li ye. Chwazi obeyi Bondye.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pwofetize yon lavi obeyisans anvè sa Bondye mete devan'm. Mwen imilye tèt mwen pandan m'ap kite Lespri Bondye a gide'm nan tout bagay nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ròm 5:19



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 7

Jenèz 16-17

Matye 5:27-48



GoodNews
DAILY

PLAN MÈT LA

Jeremi 29:11 (KJV)

Paske mwen konnen panse mwen gen nan tèt mwen pou ou, se mwen menm Seyè a ki di sa. Se panse lapè, se pa panse malè, pou'm ka ba ou yon fen ke'w dezire.

Premye karant-senk chapit Jeremi yo konsantre sou jijman ki pral tonbe sou Jida poutèt enkredilite ak dezobeyisans li. Anfèt, yo konnen Jeremi kòm Pwofèt ki Kriye a paske li te toujou ap konfwonte mechanste nan epòk li a. Men, nan mitan tout bagay sa yo, Bondye deklare yon bagay bèl: “Mwen konnen plan mwen genyen pou ou, plan pou byen, pa pou malè!”

Vèsè sa met fen ak dezòd la ak espwa diven. Menm nan yon mond ki plen fènwa, Bondye toujou ap klere limyè Li. Sa se gras ak lanmou Bondye genyen pou ou a. Nan Ane Lwil Etranj sa a, deplase avèk konfyans paske'w konnen Bondye pa kenbe yon dosye sou fot ou yo. Okontrè, Li kenbe ke plan mèt Li pou ou a se tou senpleman pi bon an!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Pa gen okenn dezaz ki pral rive nan lavi'm jodiya. Plan Bondye genyen pou mwen yo pafè, epi mwen kanpe sou pèfeksyon sa a nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Filip 1:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 8

Jenèz 18-19

Matye 6:1-15



GoodNews DAILY

BATI YON MOUN

1 Tesalonik 5:11 (KJV)

Se poutèt sa, ankouraje youn lòt, epi fòtifye youn lòt, jan nou deja ap fè a.

Gen moun ki pran legliz oserye sèlman paske y'ap chèche yon moun pou ede yo. Yo wè'l kòm yon sant koneksyon ki pral konekte yo ak sa yo bezwen pou avanse nan lavi. Gen kèk ki la sèlman pou yo ede yo, pwen final. Imajine si chak kretyen te pran vèsè jodiya literalman, devlope aktivman yon dezi pou ede lòt moun olye pou y'ap tann èd. Kò Kris la t'ap vrèman pi fò!

Si ou janm santi yo inyore'w, rejte'w, oswa yo pa pran swen'w, konsidere ke lòt moun ka santi menm jan an tou. Donk, pran responsablite pou'w veye sou moun ki nan menm sitiyasyon an. Ankouraje yo epi fòtifye yo. Pa viv pou tèt ou sèlman. Nan Ane Lwil Etranj sa a, pran responsablite pou lòt moun. Ankouraje yon moun avèk yon mesaj tèks ankourajan, yon apèl, oswa yon vizit jodiya. Sa a se Krisyanis pratik.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen leve kanpe kòm yon poto sipò pou ede yon moun kontinye grandi jodiya. Gras ak favè Bondye k'ap travay nan mwen, nenpòt moun mwen rankontre jodiya ap jwenn ankourajman, fòs, ak enèji nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ebre 3:13



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 9

Lik 1:21-38

Sòm 4-6



ÈSKE YO KA FÈ'W KONFYANS?

Lik 16:10 (KJV)

Moun ki fidèl nan ti bagay, li fidèl tou nan gwo bagay. Moun ki enjis nan ti bagay, li enjis tou nan gwo bagay.

Mwen sonje premye jou yo nan ministè sa. Antanke yon jèn pwofèt ki te totalman okouran de misyon li nan yon dispensasyon, mwen te anvi pote mesaj moman an ale jouk nan bout tè a. Te gen ijans nan travay la, e mwen te oblije aji vit. Men malgre sa, Bondye te toujou mennen'm nan chak modil, kou, ak leson pratik nan inivèsite Li a. Mwen pa't sote klas. Mwen te menm pwofèt la avèk sèt manm legliz la te genyen pandan yon lane menm jan'm ye pandan m'ap plen estad yo jodiya.

Vèsè jodiya anseye fidelite nan ti bagay. Imajine si'm te abandone apèl mwen an ak fristrasyon paske'm te genyen sèlman kèk manm, èske'm t'ap la kounye a? Kèlkeswa etap ou ye nan lavi a, rete fidèl. Pwouve ke yo ka fè'w konfyans nan ti bagay yo, epi gade Bondye leve'w Nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deklare yon lespri konfyans nan mwen. Tout sa'm fè, menm si se yon ti bagay, m'ap fè'l avèk yon lespri ekselans nan non Jezi. Amèn.



ETID KONPLEMANTE
1 Korint 4:2



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 10
Jenèz 20-22
Matye 6:16-34

DIMANCH, 11 JANVYE



ASASEN SOU BAN AN!

1 Jan 3:15 (KJV)

Nenpòt moun ki rayi frè'l, se yon asasen. Nou konnen pa gen asasen ki gen lavi etènèl nan li.

Mwen pa ka di'w konbyen fwa mwen rankontre moun ki rayi youn lòt alòs ke yo chita nan menm legliz la, koute menm Pawòl la, chante menm chante yo, epi retounen lakay yo san chanjman. Genyen menm ki se fanmi, k'ap goumen tout semèn nan men ki toujou ale lakay Senyè a ak pi bèl rad yo lè dimanch.

Si nou pran vèsè jodiya mo pou mo, yon kesyon ki fè reflechi vin nan tèt nou: konbyen asasen ki genyen nan legliz la jodiya? Moun ki kenbe rankin, kèk ladan yo gen dizan oswa plis, pandan y'ap pretann yo gen lavi Kris la anndan yo.

Jezi te bay yon sèl kòmandman: renmen youn lòt. Se pa etonan li pran yon pozisyon fèm konsa sou rayisman; se opoze total ak kòmandman li a.

Se yon nouvo ane. Aprann renmen, kòmanse kounye a!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pwofetize yon nouvo lavi benyen nan lanmou. Mwen p'ap janm gen rayisman ankò Nan Ane Lwil Etranj sa a nan non Jezi. Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Jan 13:34



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 11
Jenèz 23-24
Matye 7

LENDI, 12 JANVYE



Mak 1:11-13 (KJV)

Epi yon vwa soti nan syèl la, li di: Ou se Pitit mwen renmen anpil la, nan ki mwen jwenn anpil plezi. Menm lè a, Lespri a mennen'l nan dezè a. Li te rete la pandan karant jou, kote Satan t'ap tante'l. Li te la avèk bèt sovaj yo, epi zanj yo t'ap sèvi li.

Remake kijan touswit apre Senyè Jezi te fin konfime kòm Pitit Gason byenneme Bondye a, Li te fè fas ak tantasyon. Sa a vrèman montre kijan lavi yon kreyen ye. Èske'w te janm remake kijan pafwa, touswit apre yon bon bagay rive, ou fè fas menm kote a ak move reyaksyon? Se egzakteman konsa lènmi an fonksyone. Lide a se pou'w pèdi lafwa nan Bondye.

Lè Bondye konfime'w kòm yon biznismann, yon pastè, yon mari oswa yon madanm, yon maryaj, yon politisyen, atann rezistans, menm bò kote zanmi ak fanmi'w yo. Jezi te tante menm jan avè'w; Li te fè fas ak bèt sovaj lavi a menm jan avè'w, MEN LI TE REZISTE!

Pa pèdi lafwa. Ou deja simonte!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

M'ap restriktire mond mwen an pou'l vin pi bon pase tout sa'l te ye. Pa lafwa, mwen pa nan mank, mwen pa malad, epi pwosperite se pòsyon pa'm Nan Ane Lwil Etranj sa a non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

1 Korint 10:13; Jan 16:33



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 12

Jenèz 25-26

Matye 8:1-17

GoodNews
DAILY

FÈ DESINATÈ A KONFYANS

Pwovèb 3:5 (KJV)

Mete tout konfyans ou nan Seyè a, epi pa apiye sou pwòp konpreyansyon'w.

Youn nan pasaj bibliik mwen pi renmen konsènan lafwa ak konfyans nan Bondye soti nan Abraram, ansyen patriyach la. Men sa pasaj bibliik la di: “Gras ak lafwa, Abraram te obeyi lè Bondye te rele'l pou'l ale nan yon peyi li tapral resevwa kòm eritaj. Li te pati san'l pa't konnen ki kote'l prale.” (Ebre 11:8).

Imajine pou yon ti moman, Bondye k'ap di'w kite tout sa'w konnen epi kòmanse mache nan nenpòt direksyon, san plan, san kat, san gwo sòm lajan pou'w mache avèk li, anyen! Pale de fè Bondye konfyans nan pwèn kote kalifikasyon'w, koneksyon'w oswa pwòp entèlijans ou pa enpòtan ankò. Se la vèsè jodiya antre an jwèt. Pa janm di “Mwen prevwa tout bagay”. Bondye gen plan konplè lavi'w, fè'l konfyans avèk li, se li menm ki te trase'li!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Apati jodiya, mwen remèt plan, aspirasyon, ak dezi mwen yo nèt bay Bondye. M'ap swiv konsèy li nan tout sa ki konsène mwen, epi konsa, echèk mouri ak dife nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTE

Sòm 37:3-5



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 13

Jenèz 27-28

Matye 8:18-34



Ebre 8:5 (KJV)

Yo sèvi kòm egzanp ak lonbray bagay ki nan syèl la, menm jan Bondye te di Moyiz lè li t'a pral bati tabènak la: Gade byen, li di: Fè tout bagay dapre modèl yo te montre'w sou mòn nan.

Lè ou egzamine Bib la, ou wè modèl ki parèt nan tout Ansyen ak Nouvo Testaman yo. Gran gason ak gran fi ki te gen lafwa te swiv yon sèten lòd epi yo te jwenn rezilta. Jan Ebre 11:32-33 fè remake sa, yo te “bouche bouch lyon” gras ak yon lafwa inebranlab.

Ekriti jodiya revele ke Bondye travay avèk modèl. Li gen yon lòd predefini pou fè bagay yo. Si lafwa te bay rezilta nan tan bibliik yo, li toujou fè sa jodiya. Lafwa se yon lòd, yon modèl ki garanti rezilta. Lè'w swiv modèl lafwa ki te pwouve pa ansyen yo nan Pawòl Bondye a, bagay yo vin vreman pi fasil pou ou.

Swiv modèl lafwa ki pwouve efikasite li; kòmanse planifye jounen pafè a kounye a. Wè li, kwè li, epi aji sou li. Se modèl la sa.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

M'ap restriktire mond mwen an pou'l vin pi bon pase tout sa'l te ye. Pa lafwa, mwen pa nan mank, mwen pa malad, epi pwosperite se pòsyon pa'm Nan Ane Lwil Etranj sa a non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ròm 15:4



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 14

Jenèz 29-30

Matye 9:1-17



SÒ AK MALEDIKSYON

Eklezias 10:8 (KJV)

Moun ki fouye yon twou va tonbe ladan'l; e nenpòt moun ki kraze yon miray, yon sèpan va mòde'l.

Pandan plizyè ane, y'ap mande'm si madichon ak sò ka afekte yon kretyen. Repons mwen rete menm lan: lè ou fèt yon lòt fwa, ou eritye benediksyon, pa madichon. Okenn kretyen ki fèt yon lòt fwa pa ta dwe sibi madichon; sa se yon pwoblèm. Si'w rete nan Pawòl la epi'w viv dapre prensip Bondye yo, ou otomatikman pwoteje kont konplo lènmi an.

Poukisa gen kèk kretyen k'ap layite kò yo nan madichon? Vèsè jodiya gen kle a: viv deyò Pawòl la louvri pòt pou sèpan yo. Yo kraze kloti a, yo bay sèpan yo aksè legal nan lavi yo. (Pwovèb 26:2) di, "...madichon p'ap vini san rezon." Sa vle di, si'l vini, te gen yon rezon.

Rete nan Pawòl la ane sa a. Lwil Etranj pral sèlman koule lib e libè si baryè a rete entak.

DEKLARASYON PWOFETIK

Nenpòt sò oswa madichon ki pwononse sou fanmi'm ak sou mwen, kase nan non Jezi! Mwen chwazi rete benyen nan Pawòl Bondye a depi jodiya. Pwoteksyon mwen an entak! Alelouya!



ETID KONPLEMANTÈ

Pwovèb 22:8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 15

Jenèz 31-32

Matye 9:18-38

VANDREDI, 16 JANVYE

GoodNews
DAILY

GLASI A

Matye 3:12 (KJV)

Van li nan men'l. L'ap netwaye glasi a, l'ap ranmase ble'l yo, l'ap mete'l nan depo'l. Men, l'ap boule pay la nan yon dife ki p'ap janm etenn.

Lè w'ap mache nan yon koulwa boulanjri, li difisil pou'w inyore bon sant pen ki fèk soti nan fou a ak varyete ki genyen an. Men, anvan plezi sa a, gen yon pwosesis enpòtan: bat ble a, separasyon ble a ak pay la pou pwodui farin ki ka itilize.

Vèsè jodiya mennen nou nan glasi espiyèl la. Nan domèn lespri a, se la pirifikasyon fèt. Se la operasyon yo fèt, retire move amitye, koupe adiksyon, ak debarase mantalite toksik yo. Sou glasi a, se jis ou menm ak Bondye, se yon chanjman sezon, ak yon lòt angajman nan tout bagay ki gen rapò ak Wayòm nan.

Sa a se sezon transfòmasyon'w. Pandan w'ap mete pye'w sou glasi Bondye a, yon lwil etranj pou eksplwa yo ap koule sou ou kounye a!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Sou glasi sa a, mwen pèmèt Lespri Bondye a retire tout sa ki kontrè ak Pawòl Bondye a nan mwen. Mwen kòmande tout lonbray fènwa kite'm kounye a nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Tit 2:14



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 16

Lik 1:39-56

Sòm 7-9

SAMDI, 17 JANVYE

GoodNews
DAILY

RELE'L BYEN FÒ

Mak 10:48 (KJV)

Anpil moun t'ap mande'l pe bouch li, men li t'ap rele pi rèd: Pitit David la, gen pitye pou mwen.

Mwen souvan di, “Kreyen ki trankil yo mouri trankilman.” Istwa mesye avèg la vrèman byen montre sa. Manm legliz yo te di'l pou'l fè silans, men li te kriye pi fò toujou.

Jodiya, nou gen kreyen fèb ki pral sispann ale legliz jis paske yon moun te gade yo mal. Anpil moun vle mirak yo a, men se kèk ki dispoze pouswiv li aktivman paske yo pè sa lòt moun pral panse. Yo pa menm ka rele “Amèn” paske yo kwè sa pral atire twòp atansyon sou yo.

Avèg sa a pa't bay sa lòt manm legliz yo panse enpòtans, li te konsantre sèlman sou Jezi. Li te wè mirak li nan Jezi, epi gras ak gwo rèl li a, li te delivre!

Rele byen fò pou antre nan yon onksyon espesyal jodiya, ke yon moun fè sa!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

M'ap rele byen fò pou'm rive nan kwasans espiyèl, pou'm geri, pou kont anbank mwen yo an sante, pou yon maryaj ki plen ak kè kontan, pou yon siksè moun pa ka rakonte nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Jozye 6:20



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 17

Jenèz 33-35

Matye 10:1-16



SE POU'W REKONESAN

Lik 17:17-18 (KJV)

Jezi reponn li di: Se pa dis ki te geri nè? Men, kote nèf lòt yo ye? Pa gen lòt moun ki tounen vin bay Bondye glwa, eksepte etranje sa a.

Chak fwa nou fè reyinyon, kit se yon kwazad oswa yon sèvis dimanch, nou toujou ap chèche premye temwayaj la. Premye temwayaj sa a louvri pòt pou lòt moun swiv. Ou ta sezi wè konbyen moun ki vle èd nan men Bondye, men se kèk ki retounen pou temwaye. Gen ka kote, apre yo fin resevwa yon gwo mirak kreyatif, moun yo disparèt san yo pa retounen pou bay Bondye glwa, pou yo pa janm wè yo ankò. Sa tris. Gade nan vèsè a kijan sa te boulvèse Jezi?

Frè'm yo, lè'w engra, se yon siy ou leve tèt ou pi wo pase Bondye. Se yon gwo lògèy. Rekonesans se yon siy imilite, epi li kenbe lògèy anba kontwòl. Jodiya, fè li misyon'w pou'w temwaye de tout sa Bondye te ye pou ou. Epitou, remèsye moun ki te ede'w vin moun ou ye a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen kanpe sou tèt mòn yo pou'm temwaye epi pou'm di Bondye mèsi pou lavi'm. Engra se pa pòsyon pa'm nan Ane Lwil Etranj Sa a; mwen evite'l nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTE

Sòm 145:7



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 18

Jenèz 36-38

Matye 10:17-42



SISPANN ENKYETE

Matye 6:34 (KJV)

Se poutèt sa, pa chaje tèt nou pou demen, paske demen va panse pou bagay konsène'l pou kont li. Malè yon jou ase pou li.

Gen kèk kretyen ki chanje anbalaj enkyetid pou'l pa parèt tankou enkyetid, yo di bagay tankou, "Mwen pa enkyete, mwen jis gen kè sote." Oke, kèlkeswa jan yo rele'l, li toujou enkyetid. Nan (Lik 10:41), Jezi te di, "Mat, Mat, w'ap enkyete'w epi w'ap boulvèse pou anpil bagay..." Èske'w tankou Mat? Ou te kòmanse ane a plen antouzyas, jiskaske enkyetid te anvayi'w, pou lekòl, lwaye, fakti, relasyon, ak lòt ankò. Kisa enkyetid janm ede?

Enkyetid soti nan konsantre sou move sous la. Si Bondye, Papa a, fyè dèske li bay zwazo manje ak rad sou flè, konbyen plis valè'w genyen pou Li?

Apati jodiya, deside pou pa janm enkyete'w ankò nan lavi'w. Gade Bondye, sous rezèv san fen'w la. Sa a se yon nouvo ane ak yon onksyon espesyal; li pral sèlman mache pou ou si'w sispann enkyete'w. Lache priz epi Kite Bondye aji!

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen p'ap pèdi tan'm ap enkyete'm pou anyen, ni kounye a, ni janmè, nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ezayi 41:10



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 19

Jenèz 39-40

Matye 11

GoodNews
DAILY

RETIRE'L NAN TÈT OU

Ezayi 43:18 (NIV)

Pa sonje bagay ki pase yo, ni pa konsidere bagay ki ansyen yo.

Youn nan estrateji favori dyab la se plante panse nan lespri'w. L'ap di'w jan ou pa bon, kijan'w p'ap janm rive fè anyen, epi l'ap repete sa plizyè fwa jiskaske'w kwè tout manti li yo.

Lè'l te di Èv li t'ap tankou Bondye si'l te manje fwi a, se pa't panse Èv, se te Satan li menm ki te panse sa! Ou sonje kijan'l te di yon lè: "M'ap fè tèt mwen tankou Trèwo a"? Li t'ap plante menm lide sa a nan Èv!

Fè atansyon ak dyab la ak metòd li yo. Li va plante panse lanvi, swisid, ak avidite nan ou, epi si'w pa fè atansyon, ou pral evantyèlman ajì sou yo. Yon fwa ou fin ajì sou yo, l'ap fè tout sa ki nesesè pou kenbe'w la. Pa kite'l viv gratis nan lespri'w, retire'l nan tèt ou!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen retire tout move panse ki pa soti nan Bondye nan lespri mwen. Tout plan pou fè'm tonbe fini depi nan kòmansman yo, nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
2 Korint 10:5



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 20
Jenèz 41-42
Matye 12:1-21

GoodNews
DAILY

YON LESON DE YON BWASONYÈ

Travay 2:4 (KJV)

Epi yo tout te ranpli ak Sentespri a, epi yo te kòmanse pale lòt lang, jan Lespri a te ba yo pou yo pale.

Èske'w te janm wè yon moun ki bwè tafya ap fè jounen'l? Li ka wè yon pil fatra epi li kontan plonje ladan'l panse se yon kabann, oubyen li pouse yon nonm nan yon chèz woulant epi l'ap tann li kouri. Malgre nou pa tolere bwè tafya, gen yon leson pou nou aprann la a.

(Efèz 5:18) di, "...pa soule tèt nou ak diven, paske gen eksè ladan'l; men ranpli tèt nou ak Lespri Bondye a." Gen yon rezon ki fè Bib la fè konparezon sa a. Yon moun ki bwè pa wè jan lòt moun wè. Li pa gen kontwòl sou aksyon'l yo; se alkòl la ki genyen kontwòl. Menm jan an tou, lè'w ranpli ak Lespri a, ou anba enfluyans Li. Ou remèt Li kontwòl lavi'w, epi Li kòmanse gide'w. Ou kòmanse wè yon lòt jan, pale avèk puisans, epi deklare mirak sinatirèl ki manifeste asireman. Deside fè chak jou ane sa a yon jou plen ak Lespri.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Antanke yon èt ranpli ak lespri, mwen gade nan 2026 mwen an epi mwen wè bagay yo ap mache byen ak yon abondans temwayaj nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Efèz 3:19



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 21

Jenèz 43-45

Matye 12:22-50



ONORE PARAN'W YO

Efèz 6:1-2 (AKJV)

Timoun yo, obeyi paran nou nan Seyè a : Paske sa dwat devan Bondye. Respekte papa'w ak manman'w. Sa se premye kòmandman ki gen yon pwomès dèyè'l.

Pawòl Bondye a klè lè'l bay enstriksyon sou relasyon ki genyen ant timoun ak paran yo. Mwen vle'w remake kijan vèsè 1 ak vèsè 2 yo pale de de gwoup paran diferan. Vèsè sa yo pa repetitif; okontrè, gen yon leson pou'w aprann ladan yo. Premye vèsè a pale de obeyi paran espirityèl ou ke Bondye mete sou ou, epi vèsè de a pale de paran byolojik ou.

Lè'w dezonore paran'w, ni espirityèlman ni byolojikman, sa afekte lavi'w negativman. Siksè ka vini, men li ka pa dire lontan, avèk sik monte desann, pèt ak enstabilite. Onore paran'w se yon enstriksyon diven ki garanti yon lavi agreyab! Onore yo jodiya!

DEKLARASYON PWOFEK

Apat jodiya, m'ap fè plis efò toujou pou'm obeyi epi onore paran espirityèl ak byolojik mwen yo. Pandan y'ap beni'm epi veye sou mwen, lavi'm ap pran bon chemen an, epi m'ap genyen nan tout bagay nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Pwovèb 6:20



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 22

Jenèz 46-48

Matye 13:1-30

GoodNews
DAILY

LAVI REMAKAB KI NAN MWEN AN

Jan 21:25 (KJV)

Gen anpil lòt bagay Jezi te fè tou. Si yon moun ta pran pou'l ekri tout, youn apre lòt, mwen pa kwè tap gen plas sou latè pou mete tout liv yo t'ap ekri. Amèn.

Lavi Jezi te yon lavi ekstraòdinè ki te make pa mirak sinatirèl, ak aksyon moun pa't janm wè anvan. Imajine w'ap wè yon moun k'ap nourri senk mil moun ak sèlman de pwason ak senk pen, oubyen k'ap kreye yon je ak krache ak tè. Ki kalite onksyon etranj ki te sou li? Menm onksyon ki nan ou kounye a!

Objektif mirak ki nan Bib la se pou enspire'w pou'w itilize onksyon lwil etranj sa a sou ou. Pa gen absoliman anyen ou pa kapab fè. Gran Moun nan nan ou, pratike lavi remakab sa a jodiya!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Ak onksyon lwil etranj ki sou mwen an, m'ap temwaye tèlman ke l'ap difisil pou suiv tout mirak sa yo. Lavi pa'm nan se pi bon lavi a, san kontestasyon!



ETID KONPLEMANTE
Jan 20:30-31



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 23
Lik 1:57-80
Sòm 10-12



LONBRAY MWEN AN GEN ANPIL POUVWA

Travay 5:15 (KJV)

Se konsa yo te mennen malad yo deyò nan lari, yo te mete yo sou kabann ak nat, pou omwens lonbray Pyè te ka kouvri yo lè l'ap pase.

Mwen tande moun ap di, ak anpil inyorans, pawòl tankou “Mirak pa egziste ankò; yo te fèt pou tan bibliy yo sèlman.” Sa pa vre ditou. (Ebre 13:8) di nou Bondye se menm moun nan yè, jodiya ak pou tout tan! Si Li te fè sa nan Bib la, L'ap fè'l jodiya!

Gade vèsè jodiya. Li p'ap janm gen sans pou yon moun ki pa konn Bondye. Pou panse yon lonbray ka geri yon moun? Men, nou wè sa plizyè fwa nan ministè nou kote moun ki gen tout kalite maladi pase bò lonbray mwen, epi temwayaj vini an kantite. Kisa sa ye? Se yon onksyon, e ane sa a fèt pou li!

Ane sa a, menm lonbray ou pral fè gwo eksplwa! Li fasil; se konsa'w te fèt!

DEKLARASYON PWOFETIK

Pouvwa ap degaje de mwen. Pandan m'ap sòti nan jounen jodiya, jis ak prezans mwen, tout bagay ap fonksyone pafètman byen nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Lik 8:43-48



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 24

Jenèz 49-50

Matye 13:31-58

GoodNews
DAILY

LIMIT YO FINI

Lik 1:37 (KJV)

Paske avèk Bondye pa gen anyen ki enposib.

Nou chante vèsè sa a, nou site'l, nou enprime li sou mayo, nou fè afich ak dekorasyon pwen kwa avè'l pou lakay nou, epoutan èske nou vrèman kwè nan li?

Yon bagay ki vrèman boulvèse lespri kretyen yo se grandi nan yon mond kote yo anseye moun ke limitasyon yo se nòmal. Depi premye jou lekòl, yo mete timoun yo nan kategori ki separe sa yo rele “pi entelijan” yo ak lòt yo; epi apati de la, anpil grandi ak kwayans ke yo limite e yo pa pi entelijan. Evantyèlman, yo jwenn travay epi yo imedyatman kategorize yo epi ba yo limit sou sa yo kapab fè ak sa yo pa kapab fè.

Kretyen yo pote mantalite sa a nan legliz tou. Yo vini ak yon mantal ki deja abitye ak limitasyon yo, epi yo transfere limit sa yo bay Bondye. Yo twouve li difisil pou yo aksepte yon Bondye ki ka fè mirak etranj. Bondye pa gen limit. Renouvle mantalite'w jodiya epi konnen Li ka fè nenpòt bagay.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Pa gen anyen ki twò difisil pou Bondye. Chak rekèt mwen yo ap akonpli pandan sèvis jodiya nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Jeremi 32:17



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 25
Egzòd 1-3
Matye 14:1-21

GoodNews
DAILY

DIMINYE GWOSÈ A

Revelasyon 19:15 (WEB)

Nan bouch li soti yon epe byen file de bò. Se avè'l li gen pou'l frape nasyon yo. L'ap gouvènen yo ak yon baton fè. L'ap kraze kiv diven yo ak gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a.

Vikwa a pale anvan li parèt. Bouch ou se ouvèti kote epe a soti. Mo grèk la pou “bouch” se stoma, ki vle di lam yon epe. Bouch ou se yon zam; li ka vide atè yon gwo foul. Bondye bay pawòl ou yo pouvwa pou yo pi egzak pase bistouri yon chirijyen abil.

Pandan w'ap priye ak deklare, louvri je lespri'w avèk imajinasyon sakre'w la. Gade pwoblèm sa a k'ap tranche an miyèt moso. Fè yon operasyon sou kwasans sa a k'ap boulvèse kò'w la, pale avè'l epi rache'l nan non Jezi. Kèlkeswa foul moun ki kanpe kont ou, dèt, maladi, reta, presyon demonyak; sèvi ak pawòl presi, plen ak lafwa yo pou diminye gwosè chak ènmi! Pale ak konsistans nan Ane Lwil Etranj sa a, epi kontinye frape jiskaske rezistans lan tonbe.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen refize kouri; bouch mwen se zam ki chase opozisyon. Pawòl mwen yo, chaje pa Sentespri a, demonte tout estrikti satanik ki antoure'm. Mwen pale, epi obstak yo diminye gwosè yo, nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ebre 4:12



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 26

Egzòd 4-6

Matye 14:22-36



Ezayi 7:15 (NKJV)

L'ap manje bè ak siwo myèl, pou'l ka konnen kijan pou'l refize sa ki mal epi chwazi sa ki bon.

Èske'w te konnen rejim alimantè'w detèmine bon sans? Ezayi te pwofetize rejim alimantè Jezi a, “bè ak siwo myèl”, te yon fòmasyon pou bon sans: “pou'l ka konnen (yada': konseans eksperyansyèl) pou'l refize sa ki mal epi chwazi sa ki bon.” Mond lan di, “Ou se sa'w manje.” Biblikman, ou konnen jan w'ap manje. Sa ou konsome regilyèman, ekriti yo, konsèy yo, medya yo, abitud yo, file oswa diminye refleks espiyèl ou yo. Menm nan fizik la, rejim alimantè a fòm kapasite. Nan lespri a, nouri ak Pawòl Bondye a ajiste ensten'w yo pou rejte sa ki mal epi chwazi sa ki bon vin otomatik.

Fè atansyon ak sa w'ap manje. Ranpli jounen'w ak “bè ak siwo myèl” pou Lespri a: Pawòl la, adorasyon, vwa saj yo. Prive'w de enfòmasyon ki ap twouble jijman'w. Anvan'w pran yon desizyon, “goute” tèks la lè'w li, medite, epi deklare Pawòl la. Kite meni'w fòm moral ou epi kite apeti'w antrene bon sans ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen nouri ak Pawòl la, epi sans mwen yo antrene. Mwen konnen pou'm refize sa ki mal epi chwazi sa ki bon. Apeti mwen aliye ak Syèl la; jijman mwen byen file, epi pa mwen yo asire, nan non Jezi. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ebre 5:14



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 27

Egzòd 7-8

Matye 15:1-20

GoodNews
DAILY

PWOTEJE KONT TRIPOTAY

Pwovèb 18:8 (MSG)

Koute tripotay se tankou manje sirèt bon mache; èske'w vrèman vle tenten konsa nan vant ou?

Tripotay drene pouvwa! Bondye pa onksyone pèsonn pou bloke tripotay, Li di Legliz la pou retire li. Tripotay kraze konfyans, detwi atansyon moun, epi demonte sa Bondye ap bati a.

Pawòl se zam. Nan move bouch yo tounen ekla! Refize sèvi kòm yon kanal distribisyon pou “bonbon bon mache.” Si yon moun kontinye ap ba'w “bonbon”, yo pa zanmi'w; y'ap rekrite zòrèy ou.

Men kijan pou pwoteje lespri'w nan Ane Lwil Etranj sa a;

Retrè: Pran distans ak moun ki delenkan residivis. Pwoksimate se pèmasyon.

Redirije: “Ann priye pou yo pito.” Si istwa a pa ka siviv lapriyè, yo pa dwe rakonte'l.

Refize: “Mwen pa moun pou diskite sa avè'w.” Fèmen pòt la jantiman men byen fèm.

Ranplase: Ranpli bouch ou ak entèsesyon, ekriti, ak solisyon yo. Bati sa ènmi an ap eseye kraze.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen separe ak tripotay ansanm ak moun k'ap simaye yo. Zòrèy mwen se pòt verite a, bouch mwen bati, geri, epi beni. Mwen pale lavi, mwen fèmen kont, epi mwen pwoteje inite kay Bondye a, nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTÈ
Ròm 16:17-18



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 28
Egzòd 9-11
Matye 15:21-39

GoodNews
DAILY

RANPLI NYAJ OU YO

Eklezias 11:3 (KJV)

Si nwaj yo plen lapli, yo vide lapli sou latè. Si yon pyebwa tonbe sou bò sid oswa sou bò nò, kote pyebwa tonbe a, se la l'ap rete.

Antanke kretyen, ou ka chanje nenpòt bagay atravè lapriyè, kraze nenpòt pòtay espirityèl atravè lapriyè, sezi depo demonyak atravè lapriyè, epi pran kontwòl nasyon yo atravè lapriyè. Avèk pawòl sa yo ou pale a, ou fè yon egzèsis espirityèl pou ranpli nyaj yo ak nenpòt sa'w bezwen.

Li pa enpòtan kijan ekonomi an move; si nyaj ou yo plen lapli, yo pa ka anpeche yo fè pwosperite tonbe sou ou! Se ane sa a ou pral di pawòl ki pral fòse yon chanjman nan sante'w, nan travay ou, nan maryaj ou, nan vil ou oswa nan nenpòt bagay ki konsène'w. Dekrete pawòl nan atmosfè a epi gade nyaj ou yo gonfle ak lapli. Jiskaske lapli kòmanse tonbe, frè, sè, pa sispann pale'l, kontinye di'l, epi ou pral siman wè yon abondans!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Pawòl mwen yo gen pouvwa. Pandan m'ap pale nan Ane Lwil Etranj sa a, mirak, siy ak mèvèy ap tonbe sou fanmi mwen ak nasyon mwen. Chanjman rive gras ak priyè mwen yo. Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

Ezayi 45:8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 29

Egzòd 12-13

Matye 16

VANDREDI, 30 JANVYE

GoodNews
DAILY

POUVWA!

Lik 9:1 (KJV)

Lè sa a, Jezi rele douz disip li yo ansanm, li ba yo pouvwa ak otorite sou tout move lespri, ak pou geri maladi yo.

Chak kretyen te mande pouvwa kòm yon demann lapriyè nan yon moman oswa yon lòt nan lavi yo. Men, èske'w te janm mande tèt ou kisa pouvwa nan Kris la reyèlman ye? M'ap ba'w yon definisyon: pouvwa se kapasite dinamik, natirèl pou lakòz chanjman. Se kalite pouvwa ki repwodui tèt li, yon pouvwa ki vizib ak rezilta tanjib.

Jezi te di nou ke Li ban nou pouvwa ak otorite sou tout dyab ak kapasite pou geri maladi yo. Mwen swete'w te konprann sa! Si sèlman ou te konnen epi konprann ke kapasite diven an la nan lespri'w pou chanje sityasyon'w, ou pa t'ap santi w'ap souffri opresyon jan w'ap souffri a. Pouvwa dinamik sa a ki chanje lavi a, li nan ou kounye a. Si ou fèt yon lòt fwa ankò, li disponib pou ou. Jis kwè, epi mete'l an pratik jodiya!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pale ak nenpòt sityasyon ki mouri bò kote'm pou'l vin vivan! Nenpòt bagay ki te andòmi, travay kounye a, pa pouvwa mwen genyen nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Jan 14:12



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 30

Lik 2:1-26

Sòm 13-15



OU SE YON ATMOSFÈ

Lik 10:5 (KJV)

E nan nenpòt kay nou antre, premye bagay pou nou di: Lapè sou kay sa a.

Chak pitit Bondye pote yon atmosfè. Vèsè jodiya pwouve sa. Bondye pa t'ap janm di w pou w distribye lapè si w pa t'gen kapasite pou chanje atmosfè yo. Lè w antre sou sèn nan epi w pale lapè, yon sezon lapè kòmanse renye depi lè sa a. Kote ki te gen boulvèsman oswa kriz grav, jis lè w antre nan yon kote, kalm restore.

Lapè se pouvwa sou move sikonstans oswa evènman. Lè w pran sipèpouvwa sa a oserye, ou pote kalm nan mitan pi gwo tanpèt yo. Lè moun wè w, epi y'ap travèse yon moman difisil, nan moman ou menm, atmosfè a, parèt, gen yon lajwa toudenkou nan plas la. Yon lè viktwa pandye nan lè a, epi tout espwa retabli! Ou se yon atmosfè nan Ane Lwil Etranj sa a. Itilize sipèpouvwa w la nan tout kapasite!!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen anonse lapè nan tout kote m mete pye m jodiya, kòmanse lakay mwen. Mwen se yon atmosfè, epi tout kote m ale, m'ap pote bon nouvèl. Alelouya! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
2 Thesalonik 3:16



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 31
Egzòd 14-15
Matye 17

GoodNews
DAILY

YON DONÈ NATIRÈL

2 Korint 9:8 (NLT)

Epi Bondye ap ba ou tout sa'w bezwen an abondans. Konsa, w'ap toujou gen tout sa ou bezwen plis anpil lòt bagay pou pataje ak lòt moun.

Mwen di souvan, si ou pa soti nan yon fanmi ki rich, kite yon fanmi rich soti nan ou, men kesyon an se, kijan? Nan tout ekriti yo, sa ki deklanche yon nivo benediksyon ekstravagan nan de Bondye ekstravagan nou an, se bay! Menm si sa ka parèt senp, lè'w bay ou fè Bondye vide plis benediksyon sou lavi'w, paske ou pa ka bay plis pase Bondye!

Erè anpil kretyen fè, se lè yo ranplase bay pa lapriyè, jèn, ak kominyon. Sonje byen, w'ap fè tranzaksyon ak wa dè wa a, epi se yon pwotokòl wayal ke menm wa sou latè yo fè tout sa yo kapab pou bay plis pase nenpòt moun ki ba yo yon kado!

Fè Bondye konfyans ak finans ou lè'w bay nan Ane Lwil Etranj sa a, epi gade kouman Bondye ap beni'w plis pase nivo ou ta ka imajine!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Apati jodiya, mwen pral yon bayè vyolan! Mwen pap janm ezite lè li rive bay. Se poutèt sa, lavi m ap kontinye pwospere nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Ròm 8:32



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 32
Egzòd 16-18
Matye 18:1-20

LENDI, 2 FEVRIYE



Travay 5:14 (NLT)

Epoutan, te gen plis kwayan ki te vin jwenn Senyè a—yon gwo kantite gason kou fi.

Revèy se yon bagay pèsonèl. Li enplike limen dife enteryè w pou Jezi. Ou pa ka reveye epi rete menm jan an. Pasyon w pou Senyè a ap monte an flèch nan moman revèy la; espirityalite ou ap vin pi fò, wap pase plis tan nan etid pawòl Bondye, vi lapriyè w ap vin pi anime, epi ou pap kite jèn pou lidè legliz yo sèlman.

Revèy mande yon swaf san limit pou zafè Bondye. Yon veso ki reveye ap sèvi pou itilizasyon mèt la se pou itilizasyon Mèt la epi li refize fè konpwomi pou siviv, menmjan ak twa jenn gason ebre yo ki pa t vle bese tèt devan imaj Nebikadneza a. Yo te jete yo nan fou dife a, men Bondye te pwoteje yo, epi yo soti san menm cheve nan tèt yo pat boule. Lè w kanpe pou Bondye, Li kanpe pou ou. Se mantalite sa pou'w genyen nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Bondye rele'm, ouvriye, kidonk mwen pa bezwen wont. Map deklare Pawòl Bondye san ezitasyon kèlkeswa kote male, san pè, paske lwayote mwen se pou Wadèwa a! Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

Travay 19:18



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 33

Egzòd 19-21

Matye 18:21-35

GoodNews
DAILY

EKSPERYANS DEZÈ

Matye 4:1 (KJV)

Aprè sa, Lespri Bondye a te mennen Jezi nan dezè a pou dyab la te tante l.

Nouvo Testaman revele volonte papa a konsènan lavi nou. Jezi se egzanp pafè ak klere nan mache nan volonte Bondye, men li te mennen nan dezè a pou dyab la te tante l.

Ou ka byen plase nan volonte Bondye epi ou toujou ap fè fas ak dezè. Jezi, Bondye nan lachè, te dwe pase anba tè pou ou menm ak mwen te ka konnen ke mache sou tè a vini ak moman tè ki pouse ou nan dezè a. Dezè a se yon kote ki sèk, tanperati ekstrèm, ak izolasyon, men pa janm sipoze ou pa nan volonte Li jis paske bagay yo difisil.

Nan Ane Lwil Etranj sa a, sa ki detwi lòt moun pap detwi'w menm pandan w'ap rete aliye ak volonte Bondye pou lavi'w, nan non Jezi.

DEKLARASYON PWOFEK

Map soti viktorye kèlkeswa eksperyans mwen fè nan dezè a. Mwen pap detwi paske mwen konnen mwen nan volonte Bondye! Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

Lik 4:1



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 34

Egzòd 22-24

Matye 19

GoodNews
DAILY

PA BLIYE JENE

Matye 4:2 (ESV)

Apre li te fin fè jèn pandan karant jou ak karant nwit, li te grangou.

Moun ki lapriyè anpil epi ki gen gran karaktè se moun ki pa pale anpil. Moun ki pale anpil vle pou yo wè yo oubyen tandè yo epi souvan, se moun kip a priye ase. Lè yon Pawòl pwofetik deklare sou lavi ou, men li sanble pran tan anvan'l manifeste, yonn nan zam espiyèl ou ka itilize se jèn.

Jèn pouse Pawòl pwofetik yo pou yo reyalize. Ou bezwen konprann kanmenm ke jèn pa chanje Bondye, Li rete menm nan anvan, pandan, ak apre ou fin fè jèn nan. Sepandan, jèn kraze lachè epi li chanje'w. Si'w vle yon vrè chanjman nan ou menm, pran jèn nan oserye.

Pandan w'ap jene ak priye nan Ane Lwil Etranj sa a, chak Pawòl pwofetik ki deklare sou lavi'w ap akonpli nan Non Jezi.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pral jene ak priye pandan m'ap tann manifestasyon Pawòl pwofetik mwen an. Mwen konnen jèn kraze chè mwen epi li avèti e konekte lesprim ak reyalyte domèn espiyèl la, nan Non Jezi. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Matye 17:21



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 35

Egzòd 25-26

Matye 20:1-19



KONTINYE PALE PAWÒL LA

Jan 11:53 (NIV)

Depi jou sa a, yo fè konplo pou yo touye I.

Pou konprann vèsè sa a, ou dwe konsidere pretèks ak kontèks la. Chèf relijiye nan epòk la te opoze ak Jezi paske yo te vle pwoteje pozisyon yo. Yo te pèsèkite Moun ki tap fè Mirak la pou yo te ka kenbe enfliyan yo te genyen. Pa sezi lè moun relijiye yo vin kont ou. Yo te fè Mèt la menm bagay la. Donk, si sa rive'w, konnen se pa yon bagay nouvo.

Fè mirak epi fè pwogrè atire opozisyon. Nan travay ou, lè pwomosyon an apwoche, sante w, fanmi w ak finans ou ka anba atak. Lèmi an pap janm bat bravo pou pwogrè w, lap konbat li.

Donk, rete ame ak epe Lespri a, ki se Pawòl Bondye a. Kontinye pale'l; kontinye di'l. Deklare ke'w beni, epi okenn pawòl negatif yo pale kont ou ap reyisi nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen chita avèk Kris nan syèl la. Mwen pa ka echwe, paske Senyè a ap soutni mwen ak men dwat li ki jis nan non Jezi! Lwanj pou Senyè a! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Lik 22:2



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 36

Egzòd 27-29

Matye 20:20-34

VANDREDI, 6 FEVRIYE



PRATIKE ONÈ

Egzòd 20:12 (KJV)

Onore papa'w ak manman'w, pou'w ka viv lontan nan peyi Seyè a, Bondye'w la, ba ou a.

Anpil moun li vèsè sa a, yap panse sèlman ak peyi Bondye bay la, men li pale tou de jou li bay yo. Lonjevite gen yon lyen dirèk ak onore papa'w ak manman'w. (Efèz 6:2) konfime sa nan site vèsè jodiya.

Onore papa'w ak manman'w debloke lonjevite, kwasans, pwosperite, lapè, ak pwoteksyon divin. Sepandan, anpil kretyen fè erè pou yo panse ke, paske yo aksepte Kris, onore paran byolojik yo pa nesesè ankò, se sèlman paran esprityèl yo ki enpòtan. Sa a se yon erè grav. Pou'w benefisye nèt ale de pwomès sa a, ou dwe onore ni paran byolojik ou ni paran esprityèl ou.

Cheri epi pran swen paran'w pandan yo toujou avèk ou. Pa janm pran yo alalejè, onore yo epi toujou montre yo apresyasyon'w.

DEKLARASYON PWOFFETIK

Mwen pap janm refize tèt mwen benediksyon lonjevite nan dezonore paran'm! Pwosperite ak lapè se pou mwen pandan m'ap onore paran byolojik ak esprityèl mwen yo, nan non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Efèz 6:2



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 37
Lik 2:27-52
Sòm 16-17



SIMEN LADAN'L

Jenèz 27:7 (KJV)

Pote vyann jenis pou mwen, prepare yon ti vyann bon gou pou mwen, pou'm ka manje, epi beni ou devan SENYÈ a anvan'm mouri.

Anpil moun vle onksyon papa espirityèl yo oswa konseye yo. Sepandan, ou ka sezi lè'w konnen ke yo souvan espere resevwa nivo onksyon sa a gratis! Kidonk, se kèk moun ki fè yon enpak dirab nan ministè paske pifò neglije prensip sakrifis la. Vrè patènite ak transmisyon mande sakrifis.

Si'w vle grandi epi repwodui moun ki pote gras ou vle a, ale pi lwen pase admirasyon, konekte ak moun ki potè a lè'w simen nan gras sa a. Si'w vle tout bagay nan lavi gratis, san'w pa sèvi oswa simen ladan'l, ou pap janm vrèman apresye li. Se poutèt sa Izarak te mande vyann jenis anvan li te libere benediksyon an sou pitit gason'l lan. Se yon prensip espirityèl: onè atravè sakrifis louvri pòt pou transmisyon. Kenbe sa nan lavi'w, epi w'ap rekòlte benefis yo.

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen se yon kolektè gras. Mwen pare pou'm resevwa transmisyon lè'm fè papa'm plezi nan simen nan vizyon ak ajanda Bondye mete nan lavi li, nan non Jezi ki pisan an. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ebre 11:20



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 38

Egzòd 30-32

Matye 21:1-22

Samdi, 7 Fevriye

GoodNews
DAILY

PREZANS AKTIF BONDYE A

Jan 11:14-15 (KJV)

Lè sa a, Jezi di yo kareman: Laza mouri. Mwen kontan pou nou akòz mwen pat la, pou nou ka kwè. Men, ann al jwenn li.

Kòman Jezi fè kontan lè Laza mouri? Tèks sa a revele sa teyolojyen yo rele tansyon. Nan tèks la, Senyè a, mèt lavi a, kontan anpil lè l tande lanmò disip li renmen anpil la. Pwen li te vle di a se te: Prezans aktif li pat la lè Laza mouri, men absans sa a te kreye yon opòtinite pou lafw grandi.

Pafwa, ou pa nan batay akòz ou doute puisans Bondye, men lap montre puisans li nan ka pa'w la. Mwen la pou'm anonse'w ke menm apre'w fin fè plis pase sa'w te dwe fè, lè'w fin sipòte chak atak, Jezi deja voye èd, epi li sou wout. Prezans aktif li ap rankontre'w nan pi gwo moman bezwen'w lan, epi tout bagay ki mouri nan lavi'w ap resisite. Alelouya!

DEKLARASYON PWOFETIK

Avèk Bondye, mwen endontab! Avèk Bondye, mwen entouchab! Pa gen anyen ki ka anpeche'm avanse nan Ane Lwil Etranj sa a. Glwa pou Bondye! Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

Ròm 8:28



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 39

Egzòd 33-34

Matye 21:23-46

GoodNews
DAILY

APARANS GLWA LI

Matye 24:35 (KJV)

Syèl la ak tè a ap pase, men pawòl mwen yo pap pase.

Lè m'ap pale de anlèvman an epi m'ap diskite sou li, se pa pou'm preche malè oswa pou'm kreye laperèz, men se pou'm deklare sa Bib la di ki pral rive nan dènye jou yo. Gen moun kipran'l kòm yon fason pou atire atansyon, men yo gen tò. Gen lòt ki di: "Pèsonn pa konnen ki lè a", e sa fè mesaj sa a vin pi ijan toujou.

Pale de anlèvman an pa gen rapò ak afilyasyon denominasyonèl oswa simen laperèz; se yon apèl pou'w pare pou'w rankontre Kreyatè'w la. Anlèvman pèsone l ou ka fèt nenpòt ki lè, kidonk toujou pare. Abiye lavi'w chak jou ak jistis Bondye.

Pawòl Jezi yo konkrè, inebranlab e etènèl. Sa Li di, Li fè'l. Se poutèt sa, rete pare, kenbe fèm, epi rete veyatif nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen vijilan, lespri mwen pare, kè mwen prepare, epi m'ap fini travay mwen ak fòs nan non Jezi ki pisan an! Amèn.



ETID KONPLEMANTÈ
Sòm 119:89



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 40
Egzòd 35-37
Matye 22:1-22

GoodNews
DAILY

ÈSKE BONDYE POU MWEN?

Ebre 13:8 (KJV)

Jezikri rete menm moun li te ye yè a, jodi a, ak pou tout tan.

Si'w pa janm kesyone si Bondye vrèman pou ou, ou poko fè fas ak gwo soufrans. Ou ka se moun ki pi angaje, fidèl, entelijan, ak dilijan nan zafè Bondye yo men ou santi se tankou lavi'w ap kraze. Lè sa a, ou kòmanse mande tèt ou èske Bondye pou ou oswa èske li menm wè'w.

Ou bezwen konnen ke gen Bondye nan lavi'w ak eksperimente prezans aktif Li se pa menm bagay. N'ap sèvi yon Bondye ansyen ki gen anpil pasyans, epi pandan prezans aktif Li ap dewoule nan ou ak bò kote'w, lavi'w ap pran yon nouvo sans. Lè entèvansyon diven Bondye a manifeste nan lavi'w, ou pral temwanyen kanmenm ke Bondye vrèman pou ou nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen konnen Bondye mwen an pa konn bliye. Mwen sou rada Li, priorite Li, epi mwen tatwe nan pla men Li. Mwen gen pou'm fè pwogrè nan Non Jezi ki puisan! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Malachi 3:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 41
Egzòd 38-40
Matye 22:23-46



WAP SÒTI

Jeremi 1:12 (KJV)

Lè sa a, SENYÈ a di mwen: Ou byen wè: paske m'ap fè prese ak Pawòl mwen pou'm akonpli'l.

Bondye pa janm dòmi, kidonk Li pa gen yon yè, epi Li p'ap janm dòmi, kidonk Li pa gen demen, Li egziste nan yon etènèl kounye a. Kidonk, lè Bondye di, M'ap beni'w, sa vle di L'ap fè'l kounye a, pa pita.

Souvan, se mantalite nou ki ranvwaye mirak la, paske nou panse l'ap reyalize demen, alòske Bondye pare pou fè'l kounye a. Pa gen anyen ki ka anpeche dezi Bondye pou pwosperite'w, gerizon'w, ak ogmantasyon'w. Plan li yo pou lavi'w pa janm konplike, vag, oswa ensèten. Bondye di nan Pawòl li ke plan li yo pou ou bon, yo pa move. Fè'l konfyans, kwè'l selon pawòl li, epi w'ap vin egzakteman moun Bondye di'w ye a!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen sèten ke pa gen pwofondè ni wotè, enkyetid ni defi, zanj ni bagay ki gen pou vini ki ka separe'm ak lanmou Bondye. M'ap mache nan viktwa jodiya ak pou tout tan, nan non Jezi ki pisan an! Amèn.



ETID KONPLEMANTÈ

Ezayi 55:11



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 42

Levitik 1-3

Matye 23:1-18



ESEYE PALE AN LANG

Jan 2:1 (KJV)

Twazyèm jou a, te gen yon maryaj nan Kana nan Galile; epi manman Jezi te la.

Wow, Jezi te nan maryaj la, men diven an te fini! Menm jan an tou, ou ka moun ki pi resevwa prim nan legliz la oswa ou ka gen tit “gèrye lapriyè,” men kont anbank ou ap souffri ak yon emoraji entèn. Kle a se konnen kijan pou aktive prezans aktif Bondye a.

Nan domèn lespri a, ou ka enfliyanse tan Bondye nan lavi’w lè’w pran nivo nan pale an lang. Pandan w’ap priye, Sentespri a ba’w vokabilè ou bezwen an, kit se pou viza’w, travay ou, batay ak sòsyè nan fanmi’w, oswa lajan’w! Pale an lang fè yon entèsesyon presi ki depase konpreyansyon natirèl ou.

Kenbe pale an lang epi kole ak Pawòl Bondye, epi’w pral fè eksperyans prezans aktif Li, ki pral libere mirak san rete nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pale lang Syèl la! Mwen kominike avèk divinite nan lang ki souke wayòm fènwa a. Yo pa ka touye’m; Nenpòt moun ki touche’m li fini! Alélouya!



ETID KONPLEMANTE
Lik 2:51



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 43
Levitik 4-5
Matye 23:19-39



DEKODE SIYAL YO

Jowèl 2:1 (KJV)

Sonnen twonpèt la nan Siyon, epi sonnen yon alam sou mòn sakre mwen an: Se pou tout moun ki rete nan peyi a tranble, paske jou Seyè a ap vini, paske li pa lwen rive.

Pafwa, yon malèz oswa yon enkyetid ka vin nan tèt ou toudenkou. Sa a se plis pase yon panse, se yon siyal ki soti nan domèn espirityèl la, yon avètisman ke yon bagay pral rive. Siyal lagè fè lespri'w boulvèse.

Lè'w disènen siyal sa yo, sa vle di lespri'w sansib epi vijilan pou atak kap vini yo, epi'w bezwen pare. Pa inyore yo; kenbe siyal yo epi reponn imedyatman nan lapriyè, mennen lagè ak Pawòl la. Se pou ou vijilan, paske'w ka menm gen yon Jida kache nan kan'w.

Nan Ane Lwil Etranj sa a rete vijilan, dekode siyal lagè yo, epi kenbe pozisyon'w nan viktwa.

DEKLARASYON PWOFEKIK

Mwen se yon sòlda nan lame Senyè a. Antèn espirityèl mwen an kapte siyal Syèl la pou lagè, epi mwen antre an aksyon. Mwen pa ka kite yo pran m' sanzatan, nan non Jezi ki pisan. Louwe Senyè a!



ETID KONPLEMANTE

2 Piè 3:10



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 44

Lik 3:1-19

Sòm 18-19



MÒD ANLÈVMAN

Matye 24:38 (KJV)

Paske, menm jan ak jou anvan delij la, moun tap manje, bwè, marya, marya pitit yo, jiskaske jou pou Noe te antre nan lach la te rive.

Konsidere pretèks tèks la ak anpil atansyon pou lè w'ap analize ekriti yo, ou ka konprann kontèks la. Ki moun ki tap manje, bwè? Èske se te Noe? Non, li te okipe ap konstwi lach la. Manje ak bwè te preyokipasyon pechè yo.

Nan mond jodiya, menm bagay la ap pase, gen parad “fyète”, festin ak bwason, chante, ak tout kalite eksè nan plezi sansyèl. Sepandan, vrè kretyen an konsantre sou fè nanm pou Kris ak retou Senyè nou an, Jezikri.

Tout sa kap pase jodiya te prezan nan tan Noe, men Noe te rete konsantre sou misyon Bondye te ba li a. Lè delij la te vini, pandan lòt moun te soufri nan agoni, Noe te gen lapè nan lespri.

Nan Ane Lwil Etranj sa a, pa kite yo distrèw. Fikse je w sou Jezi, paske retou li pi pre ke sa anpil moun panse.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen an dife pou Jezi jiskaske li parèt nan glwa li. Mwen pare pou m rankontre l nan nyaj yo, menm kounye a! Alelouya!



ETID KONPLEMANTÈ

Lik 17:26-27



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 45

Levitik 6-7

Matye 24:1-31



KONTRADIKSYON!

Matye 26:6 (KJV)

Kounye a, pandan Jezi te Betani lakay Simon, yon moun ki te gen maladi lèp la.

Jezi te lakay Simon, yon moun ki te gen maladi lèp la. Gade yon kontradiksyon : Gerisè a, Moun ki konn fè mirak la, Moun ki te ekri epi ki te poli lafwa nou an, te chita lakay yon nonm ki te toujou idantifye pa maladi li. Ekriti yo pa montre gerizon Simon okenn kote, men Jezi te byen chita lakay li. Imajine'w nan prezans Kreyatè a li menm, men moun ki te resevwa'l la te rete malad.

Menm jan an tou, ou ka malad, ou ka ap soufri ak defi, oswa ou ka ap viv nan mank, men ou toujou nan prezans Bondye. Sepandan, mwen asire'w ke pandan w'ap li Bòn Nouvèl Chak Jou sa a jodiya, kontradiksyon sa a fini! Gen yon reyajisteman ki fèt nan kò'w ak Pawòl Bondye a. Jodiya, sante'w, biznis ou, fanmiy'w ak finans ou, yo retabli. Ou p'ap viv yon lavi kontradiksyon anndan prezans Bondye ankò!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pa yon pèdan! Mwen pa yon echèk! M ap reyisi kèlkeswa sa k rive, paske Bondye ban m viktwa byen lwen pase prensip ak pouvwa yo, nan non Jezi ki pisan. Lwanj pou Senyè a!



ETID KONPLEMANTE

Mak 14:3



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 46

Levitik 8-10

Matye 24:32-51

LENDI, 16 FEVRIYE

GoodNews
DAILY

LAVI'W AN SEKIRITE

Pwovèb 18:10 (KJV)

Non SENYÈ a se yon fò byen solid: moun ki mache dwat yo kouri antre ladan'l, epi yo jwenn sekirite.

Pwoteksyon nan Kris la se yon pwomès pou tout moun ki mete konfyans yo nan non li. (Sòm 91:3) deklare, “Sètènman lap sove w de pyèj mechanyo ak maladi ki ka touye moun.” Sekirite w enpòtan pou Kris la, epi li garanti pwoteksyon moun ki kwè nan li yo. Kidonk, nou pa bezwen pè.

Zanj yo gen misyon pou pwoteje'w. Pandan w'ap soti jodiya, ou pa poukont ou, zanj yo ap gide'w, yo antoure'w sou tout kote. Bondye envesti nan yon bon lajounen pou ou epi l'ap asire'l ke'w p'ap ni bite oswa tonbe. Pa gen okenn mal k'ap rive'w jodiya. Sòti'w beni, epi antre'w beni, nan Non Jezi.

DEKLARASYON PWOFETIK

Senyè a beni'm! Liy mwen yo tonbe nan kote ki bèl. Lè dyab la wè'm, li tèrifye tèlman li pè, nan Non Jezi ki puisan!



ETID KONPLEMANTE

Sòm 61:3



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 47

Levitik 11-12

Matye 25:1-30



SE YON REPETISYON

Eklezyas 1:9 (NIV)

Sak te pase déjà gen pou pase ankò, sak te fèt déjà gen pou fèt ankò; pa gen anyen ki nouvo anba solèy la.

Tout sa'w wè se yon repetisyon. Lè mwen pwofetize sou foutbòl ameriken, baskèt bòl, oswa lòt evènman, deklare gayan ak pèdan yo, se paske mwen deja wè yo nan domèn lespri a. Sa montre'w ke jan'w wè lavi a ak jan'w konnen li an plis pase fizik la, li se yon repetisyon reyalyte espirityèl k'ap manifeste nan natirèl la.

Pa mwayen yon apèsi pwofetik, mwen pale de pwomosyon sou biznis ou, finans ou, sou fanmi'w, ak gerizon nan kò'w! Pawòl sa yo se pa òdinè; yo pote pouvwa. Jodiya se yon jou espesyal pou ou, destine'w ap konstwi tankou yon gwo kay. Manifestasyon mirak yo nan lavi'w ap kontinye san fen nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen deja beni, e sa pa ka chanje. Mwen dwe viv nan kwasans ak favè san fen pandan tout rèss ane sa a, nan Non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ebre 13:8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 48

Levitik 13-14

Matye 25:31-46

GoodNews
DAILY

JEZI AP RETOUNEN – TRÈ BYENTO!

1 Korint 15:52 (NLT)

Sa pral rive nan yon moman, nan yon bat je, lè yo sonnen dènnye twonpèt la... moun ki mouri yo pral resisite pou viv pou toutan. Epi nou menm ki ap vivan toujou, nou pral transfòme tou.

Anpil moun, menm kretyen, pè anpil lè yo pale de anlèvman oswa retou Kris la. Si'w pare pou Syèl la, ou pa gen anyen pou'w pè, ou deja genyen! Mwen deklare : ou pap rate anlèvman an! Si'w poko resevwa Kris kòm Senyè ak Sovè'w, chèche seksyon "Èske'w te resevwa Jezi" nan ti liv sa a epi fè priyè pou resevwa Li kounye a!

Lè twonpèt la sonnen pou anonse vini Li an, nan yon bat je, ou pral anlve pou'w al rankontre Senyè a nan nyaj yo. Kidonk, sispann enkyete'w, kòmanse rejwi pito. Pratiye yon lavi "premye vòl", toujou pare pou vini Senyè. Nan Ane Lwil Etranj sa a, w'ap konte nan kantite a!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pral nan syèl e mwen pare pou anlèvman! Lèmi an pa ka konvenk mwen pou'm abandone. Mwen gen lespri Wayòm nan e mwen p'ap janm ret dèyè. Lwanj pou Senyè a! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Matye 24:31



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 49

Levitik 15-16

Matye 26:1-35



GoodNews
DAILY

SE POU'W GERI

Matye 15:30 (NLT)

Yon gwo foul moun mennen moun ki te enfim, moun ki te avèg, moun ki te andikape, moun ki bèbè, ak anpil lòt moun ba li. Yo mete yo devan Jezi, epi li geri yo tout.

Gen de mirak ki tèlman remakab ke gen moun kriye byen fò, mwen pat janm wè sa fèt konsa! Nan mach mwen avèk Bondye, mwen pa ka konte konbyen gerizon mwen wè, epoutan mwen sezi wè kantite moun ki malad ak VIH ki geri. Kit se nan konferans kit se nan sèvis dimanch, gerizon malad ak VIH yo fèt imedyatman aprè nou fin deklare gerizon nan Non Jezi.

Kèlkeswa maladi a oswa kondisyon medikal la, menm Jezi ki te geri anpil fwa ka maladi konplike ap geri kò'w kounye a! Resevwa li! Zo ou yo, veso sangen'w yo, ak tout ògàn ou yo ap retabli. Jezi Gerisè a ap touche kò'w pandan w'ap li Bòn Nouvèl Chak Jou sa a ak lafwa. Sèlman kwè, epi gerizo'w ap manifeste nan non Jezi ki pisan!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen p'ap lite ak maladi oswa enfimite. Kò mwen refize tout enfimite. Mwen viv ansante nèt ale, nan non Jezi ki pisan! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Jan 6:2



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 50

Levitik 17-19

Matye 26:36-75



SE KONSA JEZI YE MENM

Jan 14:14 (KJV)

Nenpòt sa nou mande nan non mwen, m'ap fè'l.

Nan yon estad plen moun nan rejyon Copperbelt nan Zanbi, pandan yon konferans GoodNews nan mwa Out 2025, mwen te temwen puisans Bondye an aksyon. Mwen pa't preche avèk elokans moun men nan demonstrasyon pwisans, jan sa deklare nan (1 Korint 2:4). Plizyè dizèn milye moun nan estad la ak plizyè milyon moun atravè lemond te wè Jezi ki t'ap travay!

Moun paralize te geri, maladi VIH te disparèt, lajan mirakile te parèt sou telefòn mobil moun e te menm gen lajan kach ki vin nan pòch moun yo bridsoukou. Aparèy ki te gen pwoblèm tankou ekran telefòn ki te kraze, te repare yon fason sipènatièl san pa gen okenn tras domaj ki rete. Maladi san tankou VIH te geri plizyè fwa. Se sèl Jezi ki te ka fè sa!

Doktè yo itilize siwo, grenn ak piki pou soulaje sentòm maladi, men yon sèl Pawòl ki soti nan Bondye pote mirak, siy ak mèvèy bridsoukou, san okenn move efè segondè. Se sèlman JEZI ki ka fè'li!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Se sèlman Jezi ki ka gide'm pou'm fè gwo bagay nan Ane Lwil Etranj sa a. Mwen pa ka kanpe nan wout oswa dekouraje, paske L'ap kondi'm de glwa an glwa! Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

1 Jan 3:22



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 51

Lik 3:20-38

Sòm 20-22



GRANGOUE POU BONDYE

Jenèz 5:24 (KJV)

Enòk te mache avèk Bondye: epi li pa't la ankò; paske Bondye te pran'l.

Anpil kretyen ap chèche pouvwa, renome ak rekonesans, men yo pa grangou anpil pou bagay Bondye. Mwen rankontre moun ki vle wè manifestasyon glwa Bondye men ki pa grangou pou vrè entimite ak Bondye ki nan syèl la. Yo vle “bagay” Bondye yo men yo echwe nan lanmou Li.

Lè yon gason oswa yon fanm montre yon swaf san limit pou zafè Bondye, l'ap benefisye pwisans epi l'ap pran elan sou wout destine'l. Li lè pou ou vin moun sa a, yon moun ki gen yon dezi san limit pou Li. Nan Ane Lwil Etranj sa a, kite grangou pou Bondye pran yon lòt nivo nan lavi'w, kote Bondye ka konfyè'w pouvwa pou pote chanjman nan fanmi'w, biznis ou, karyè'w, ak finans ou san'w pa bezwen goumen.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Grangou mwen pou Bondye pa dilye! Pandan dezi mwen pou Li ap grandi, mwen vin gen pouvwa epi mwen antre avèk kouraj nan reyalyte Lespri a. Lavi'm monte an glwa, nan Non Jezi! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Lik 24:51



365 JEU DEFI LEKTI LABIB – JEU 52

Levitik 20-22

Matye 27:1-32

DIMANCH, 22 FEVRIYE

GoodNews
DAILY

FOKIS SOU LAPRIYÈ

1 Wa 18:42 (KJV)

Akab monte al manje epi bwè. Eli monte sou tèt mòn Kamèl; li mete tèt li atè, li mete figi'l ant de jenou li yo.

Pwofèt Eli priye ak figi'l nan mitan de jenou li yo. Tèt li, ki gen je'l, zòrèy li, bouch li, nen'l ak sèvo'l, te bese nan yon soumisyon total. Pozisyon sa a te montre ke tout kapasite li te angaje nan moman lapriyè espasyal sa, san'l pa kite plas pou distraksyon.

Se nan pwen konsantrasyon total dife ki soti nan sal twòn nan ap rantr nan tout opozisyon ki anpeche'w avanse. Konsève tan lapriyè'w la kòm yon tan pou'w konsantre'w totalman, yon konsantrasyon total ki vlope nan lafwa ak atant, epi rezilta yo ap manifeste sètènman. Priyè sa yo ranfòse reyalite selès yo epi yo pwodui mirak. Pratiye mwayen sa volontèman, epi lavi'w ap monte an flèch nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen priye ak rezilta! Priyè mwen yo souke teritwa epi yo fòse sikonstans yo soumèt anba Pawòl Bondye ki anndan'm nan. Priyè mwen yo oryante sou rezilta paske mwen konsantre'm sou fè avanse ajanda Bondye. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Jak 5:17-18



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 53

Levitik 23-25

Matye 27:33-66

GoodNews
DAILY

YON LÈ POU SEPARASYON

1 Wa 19:9 (NLT)

Li rive nan yon gwòt, kote li pase nwit lan. Men, SENYÈ a di'l: "Kisa w'ap fè la a, Eli?"

Gen moman ak sezon pou'w nan mitan foul, pou w'ap rele, chante, epi selebre tou. Men tou gen moman enpòtan kote pwoblèm lavi yo mande separasyon. Se nan moman solitud sa yo Bondye konn kòmanse pale avè'w.

Eli, yon pwofèt renome, te vwayaje byen lwen epi li te rete nan yon gwòt, totalman separe ak foul moun yo. Se sèlman lè sa a Pawòl Senyè a te vin jwenn li.

Ou rete nan yon anviwònman ki gen anpil bri twò lontan, ou te melanje ak foul la sèlman pou'w fè eksperyans doulè, fristrasyon, ak desepsyon. Men, lè avèk asirans ou oze separe'w de foul la nan Ane Lwil Etranj sa a, Bondye pral rankontre'w pou yon diskisyon diven ki pral transfòme destine'w poutoutan.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen p'ap kite dòmi pran'm jiskaske Bondye vin pale avè'm nan moman separasyon mwen an. Mwen konnen Bondye konn pale, donk mwen mete'm nan pozisyon pou'm tande'l byen klè, nan non Jezi ki puisan! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Sòm 46:10



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 54

Levitik 26-27

Matye 28



POZISYON KÈ A

Jeremi 17:9 (NIV)

Kè'w ka twonpe'w pi plis pase tout bagay epi li pa gen gerizon pou sa. Ki moun ki ka konprann li?

Nap viv nan yon mond kote anpil moun fè efò pou enpresyone lòt moun. Gen moun ki souri, ri, epi ki parèt kontan, men ki vrè kondisyon kè yo?

Nan youn nan sèvis nou yo, yon koup te antre ak souri, kenbe men, tout moun te admire yo. Pou je natirèl la, lanmou yo te sanble fèt nan Syèl la. Men, pandan pwofesi t'ap koule, li te revele yo te sou wout pou divòse. Sa te etonan anpil, madanm nan te deja depoze dosye a, men mari a pa't ko konnen sa. Mari a te sou chòk lè'l tande kisa pawòl pwofetik yo te revele.

Bondye pa jije sou aparans deyò men sou pozisyon kè. Kite'l wè ke kè'w konsakre a li menm nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Kè mwen reseptif a Pawòl Bondye a. Lespri mwen aliyen ak kòmandman Li yo. Se poutèt sa, mwen ka sèlman monte pi wo, nan Non Jezi! Alelouya!



ETID KONPLEMANTE

Ebre 4:12



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 55

Resansman 1-2

Mak 1:1-22

GoodNews
DAILY

BOUSTÈ FIZE YO

1 Jan 2:19 (KJV)

Yo te sòti nan mitan nou, men yo pa't avèk nou; paske si yo te avèk nou, yo ta siman rete avèk nou: men yo te pati kite nou, pou yo te ka parèt klè ke yo pa't janm avèk nou vre.

Boustè fize yo bay pousad ki nesèsè pou dekolaj fize a, men yon fwa fize a rive nan yon sèten wotè, yo detache yo de li, pou yo ka kite'l kontinye òbit li.

Menm jan an tou, gen kèk moun ki sipoze akonpaye'w sèlman pou yon pati nan vwayaj ou. Men, anpil kretyen pèdi dòmi ap mande tèt yo poukisa moun sa soti nan lavi'l konsa, malgre tout sa yo te fè pou moun sa yo. Verite a se paske gen moun ki p'ap ka akonpaye'w nan pwochen nivo'w pral pran.

Li lè pou'w adopte mantalite yon syantis fize: wè depa yo kòm nesèsè pou elevasyon'w. Nan Ane Lwil Etranj sa a dekole tande, kite sa ki pa ka rete yo ale, epi ou menm pran vòl ou!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen fèt viktorye! Mwen pa ka echwe, ni avèk yo ni san yo. Mwen pare pou viktwa epi m'ap montre glwa Bondye kounye a ak pou tout tan gentan, nan non Jezi ki pisan an!



ETID KONPLEMANTE

2 Timote 4:10



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 56

Resansman 3-4

Mak 1:23-45

JEDI, 26 FEVRIYE

GoodNews
DAILY

TOUT BAGAY FINI!

Jan 19:30 (KJV)

Lè Jezi fin pran vinèg la, li di: Tout bagay fini. Apre sa, li bese tèt li, li rann lespri li.

Lè Jezi te deklare avèk kouraj: “TOUT BAGAY FINI!” devan moun ki te la ak devan tout kreyasyon an, se yon deklarasyon ki te rezone nan tout letènite. Peche’w te fè nan tan lontan yo, ni sa w’ap fè kounye a, ni sa’w pral fè nan tan k’ap vini yo, yo tout te trete sou kwa sa a. Jezi pa nan revize erè nou yo ankò, kidonk sispann krisifye tèt nou!

San li ki te koule a sete tout peye dèt peche limanite. Lefèt ke nou konnen ke Li te peye pri final la ta dwe ranpli kè nou ak lajwa ak lapè, pa ak kilpabilite oswa santiman kondanasyon. Lè Jezi te deklare tout bagay fini an, sa te vle di pwoblèm yo rezoud, ou pa bezwen enkyete’w pou yo ankò. Ou padone, epi dosye fot yo efase nèt.

Selebre libète nou jodiya avèk remèsiman, paske nan Kris la ou vrèman lib!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen se yon nouvo kreyati nan Kris! Kounye a lavi mwen cache nan Li. Mwen se moun Bondye di mwen ye a, epi mwen pare pou’m gen yon enpak sou nasyon yo pou Kris! Lwanj pou Senyè a! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Ròm 5:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 57

Resansman 5-6

Mak 2:1-28

VANDREDI, 27 FEVRIYE



SE POU LIMYÈ NOU KLERE!

Lik 8:16 (KJV)

Pèsonn pa limen yon chandèl, apres a pou'l kouvri'l ak yon veso, ni pou'l mete'l anba yon kabann. Okontrè, li mete'l sou yon pòtlanp, pou moun kap antre yo ka wè limyè a.

Revèy fè'w soti nan espiyèl pou'w antre nan nouvo reyalye yo nan Kris. Pawòl la di pèsonn pa limen yon chandèl apres a pou li kache'l. Lè Jezi rele'w limyè mond lan, sa vle di ou gaye fènwa, ou pa atire'l.

Limyè'w pote a se phòtizò, yon limyè estad ki tèlman klere ke li avègle lènmi an. Li se dife tou ki soti nan Sentespri a ki anndan'w. Ou gen misyon pou klere anviwònman'w. Donk, pa kite fènwa anvayi maryaj ou, fanmiy ou, biznis ou, oswa karyè'w. Leve epi klere! Paske limyè'w la vini nan Ane Lwil Etranj sa a.

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen klere tankou limyè estad! Mwen leve tankou yon edifis. Fènwa pa gen okenn kote pou'l kache nan espas mwen. Mwen pote pwisans Bondye ak dife Sentespri a anndan'm. Alelouya! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
2 Korint 4:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 58
Lik 4:1-22
Sòm 23-25



BENEFIS ENPÒTAN ONÈ A

Efèz 6:2 (KJV)

Onore papa'w ak manman'w; sa a se premye kòmandman ki gen yon pwomès ladan'l.

Gen benediksyon ki atache ak onè ou bay papa'w ak manman'w, kit se biyolojik kit se espirityèl. Li enpòtan anpil pou'w byen fè sa. Lè'w onore paran'w, ou jwenn lonjevite, yon anilasyon kondanasyon lanmò, pwoteksyon kont aksidan, ak vèdik "pa koupab" kont akizasyon lènmi an pote kont ou lè l'ap chèche elimine'w.

Onè se pa sèlman yon konsèp espirityèl abstrè; li eksprime fizikman. Pa tann pou yo raple'w pou'w apresye epi onore paran biyolojik ou yo ak moun ki elve'w nan Senyè a. Onè se yon prensip espirityèl ki atire benediksyon Bondye. Li se tou yon kòmandman ki vini ak yon pwomès: pou jou'w yo ka long sou tè a.

Nan Ane Lwil Etranj sa a, pandan w'ap onore paran biyolojik ak espirityèl yo, w'ap benefisye yon lavi ki long e lavi'w ap prezève espirityèlman.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

M'ap onore paran biyolojik ak espirityèl mwen yo nan pawòl ak nan aksyon. Mwen pare pou'm resevwa tout benefis onè yo kounye a e pou tout tan! Alelouya! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Egzòd 20:12



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 59
Resansman 7-8
Mak 3:1-19

GoodNews
DAILY

PWOFI KI PA REYALIZE YO

Matye 7:24 (KJV)

Se poutèt sa, nenpòt moun ki tande pawòl sa yo epi ki mete yo an pratik, li tankou yon nonm saj ki bati kay li sou ròch.

Nan mond investisman an, anpil antreprenè konprann konsèp “pwofi ki pa reyalize”, pwofi ki egziste sou papyè men ki pa reyalize paske byen an pa vann. Imajine achte aksyon pou \$1000, ki pita monte a \$1500. Ogmantasyon \$500 sa a se pwofi ki pa reyalize ou ki vin reyèl sèlman lè ou vann aksyon an.

Pou kretyen yo, echwe nan aktive ekriti yo vle di riske yon vi ak pwofi ki pa reyalize, san yo pa janm jwenn aksè konplè a rekonpans Bondye sere yo. Pawòl la vin tounen senp pwofi sou papyè, plen ak pwomès divèn ki rete andòmi. Liy sou liy, presèp sou presèp, ekriti yo dekri plan Bondye pou pwosperite’w, e menm tèm pwofetik lwil etranj la - men san aksyon, li pa sèvi okenn objektif. Mete Pawòl la an pratik, pa sèlman tande’l, fè’l!

DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya mwen chwazi non sèlman pou’m tande Pawòl la, men pou’m mete’l an pratik! Mwen aktive tout provizyon divèn ki ekri konsènan mwen menm. Mwen p’ap viv ak pwofi ki pa reyalize; mwen reklame tout sa Bondye deklare sou lavi’m!



ETID KONPLEMANTE

Jak 1:22



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 60

Resansman 9-10

Mak 3:20-35

GoodNews DAILY

JE BONDYE

Jij 6:15 (NIV)

“Eskize’m, Senyè mwen,” Jedeyon reponn, “men kijan’m ka sove Izrayèl? klan mwen an se pi fèb nan Manase, epi mwen se pi piti nan fanmi’m.”

Nan ekriti jodiya, Bondye rele Jedeyon pandan yon moman kote Izrayèl te anba opresyon Madyanit yo. Senyè a di: “Ale avèk fòs sa a, epi w’ap sove Izrayèl anba men Madyanit yo...” Sa ki fè lekti sa a tèlman gen enpak se repons Jedeyon an. Olye pou’l mache avèk konfyans nan moun Bondye te rele’l pou’l ye a, li te reponn avèk lapèrèz, pou jije kapasite’l nan je lèzòm.

Anpil kretyen jodiya fè menm bagay la, yo limite mouvman Bondye nan lavi yo lè yo souzestime kiyès yo ye nan Kris. Yo santi yo pa kalifye, fèb, oswa twò piti. Men, li pa enpòtan si lòt moun konsidere’w kòm pi piti nan kote w’ap etidye, nan travay ou, oswa nan kominote’w; si Bondye rele’w, L’ap ba’w pouvwa. W’ap akonpli misyon Li an nan yon fason pisan nan Ane Lwil Etranj sa a!

DEKLARASYON PWOFETIK

Jodiya, mwen chwazi wè tèt mwen otravè lantiy je Bondye. Mwen mache ak kouraj nan nouvo semèn nan, paske mwen konnen Bondye te chwazi’m!



ETID KONPLEMANTE
Jeremi 1:5-8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 61
Resansman 11-13
Mak 4:1-20

EKZEKISYON ÈG LA

Filip 3:14 (KJV)

M'ap kouri nan direksyon objektif la pou'm jwenn pri gran apèl Bondye a nan Kris Jezi.

Nan ònitoloji (etid zwazo yo), èg yo konsidere pami bèt ki pi konsantre, estratejik, ak presi nan wayòm animal la. Avèk yon vizyon uit fwa pi file pase moun, yo ka wè bèt y'ap chase a plizyè kilomèt, menm nan yon wotè 23,000 pye. Odela kapasite fizik yo, èg yo gen yon mantalite ki pa menm ak lòt bèt k'ap vole yo; yo san repo nan pouswit bèt y'ap chase a. Yo pa boulvèse e yo pa brannen.

Antanke pitit Bondye, egzekite chak travay avèk presizyon èg la. Se pou'w san repo nan pouswit ou pou'w fè volonte Bondye, avèk yon konsantrasyon e yon estrateji byen file. Fikse je'w kontinyèlman sou akonplisman plan Bondye a ak avanse nan ajanda Wayòm li an, pandan w'ap kouri nan direksyon objektif la pou pri gran apèl Bondye a nan Kris Jezi!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Tankou yon èg, mwen fèt pou'm vole wo! Mwen gen tout zouti ki disponib pou'm fè volonte Bondye pou lavi'm avèk anpil presizyon ak estrateji!



ETID KONPLEMANTE

Kolòs 3:2



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 62

Resansman 14-15

Mak 4:21-41



MWEN PAP WOULE AK YON TANK VID

Ròm 12:11 (NIV)

Pa janm manke zèl, men kenbe fèvè spirityèl ou, sèvi Senyè a.

Anpil kretyen viv vi natirèl yo san yo pa jwenn tout benefis Kris te ban nou atravè lanmò Li ak rezirèksyon glorye Li a, tou senpleman paske yo te etabli nan yon fo sans pwogrè spirityèl. Yo sispenn pouswiv etid pi pwofon Pawòl la, pi wo nivo lapriyè, ak yon devouman konsantre pou Wayòm nan; yo vin konplezan.

Imajine w'ap kondui yon machin ak yon ka tank gaz. Se vre, se pa yon bagay ki dezespere tankou lèw vid, men se toujou lwen yon tank ki plen! Antanke pitit Bondye, pa janm konfonn “pi bon pase anvan” ak kote Bondye vle w ye a. Pa aksepte viv anba standa Bondye fikse pou ou a. Vre pwogrè a pa vle di pi bon pase pi move bagay ou genyen an, men avanse nan direksyon pi bon bagay Kris vle pou lavi w!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen p'ap kontante'm ak sa ki miyò; mwen dèyè sa Bondye vle ki pi bon pou mwen an nan Ane Lwil Etranj sa a! Mwen pa ka janm woule sou tank vid. Mwen plen ak enèji Bondye!



ETID KONPLEMANTE

Efèz 3:19



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 63

Resansman 16-18

Mak 5:1-21

GoodNews
DAILY

“PÈSONN PA PAFÈ”

Matye 5:48 (NIV)

Se poutèt sa, se pou’w pafè, menm jan Papa’w ki nan syèl la pafè.

Gen yon desepsyon ke lènmi an ap pwomouvwa ki antre nan kè plizyè milyon moun: se fraz “pèsonn pa pafè” a. Malgre ke li ka sanble enb ak pratik, li kontredi verite ki revele nan ekriti yo. Si’w pèmèt li pran plas nan lavi’w, efè yo ka danjere.

Wi, lòm gen defo, men lè’w aksepte Kris, ou resevwa nati Li epi’w aple pou’w viv selon estanda selès li, e pa selon modèl lòm chanèl la. Bondye te ban nou Sentespri a ak don Lespri yo pou pèfeksyonman sen yo, ki vle di ou menm!

Jezi, egzanp san defo nou an, montre ke pèfeksyon se viv an akò ak volonte Bondye, kalibre lavi’w ak jistis li. Vrè Krisyanis la se manifestasyon verite, viv nan verite sa nan Ane Lwil Etranj sa a!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Bondye ban mwen yon lavi pafè! Map viv dapre estanda selès Li a. Mwen rejte kilti enpafè mond sa a jodiya; m’ap viv an akò ak volonte Li!



ETID KONPLEMANTE

1 Jan 4:17



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 64

Resansman 19-20

Mak 5:22-43

GoodNews
DAILY

RELASYON AK DIVINITE

Jak 4:8 (KJV)

Pwoche bò kote Bondye, epi L'ap pwoche bò kote'w. Netwaye men'w, ou menm pechè yo; pirifye kè'w, ou menm ki gen doub les-pri.

Sa ki distenge Krisyanis de lòt relijyon òganize yo se ke li pa yon relijyon nan sans tradisyonèl la; se yon relasyon ak divinite! Bondye te renmen nou tèlman pwofondeman ke Li te chwazi rete nan mitan nou, pran pinisyon nou sou lakwa a, epi rachte nou pa rezireksyon glorie Li a. Li se yon Bondye imen ki renmen'w odela konpreyansyon epi ki vle'w viv yon bèl vi nan Kris.

Ekriti Sent yo revele ke pandan w'ap rapwoche'w de Bondye, Lap rapwoche'L de ou. Lè'w fouye nan Pawòl li, w'ap envesti tan ki gen anpil valè nan ranfòse relasyon diven sa a epi, an retou, w'ap louvri fenèt pou benediksyon ak opòtinite san nonb yo.

Tankou nenpòt relasyon, komunikasyon se kle. Pale avè'L de enterè'w yo, defi'w yo, tout bagay, paske li vrèman sousye de ou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen gen yon relasyon avèk yon Bondye ki sousye de mwen! Pandan m'ap rapwochem de Li chak jou, m'ap transfòme epi m'ap ranfòse'm pou'm fè volonte Li. M'ap mache nan proksimite divin e nan yon lapè pafè nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTE

Sòm 145:18



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 65

Lik 4:23-44

Sòm 26-28



OBJEKTIF KONPLEMENT ANBISYON AN

Kolòs 3:23 (NIV)

Nenpòt sa w'ap fè, fè'l ak tout kè'w, tankou si se pou Senyè a w'ap travay, pa pou mèten imen yo.

Gen yon move konsepsyon komen ki di objektif Bondye pou lavi'w la an konfli ak anbisyon'w yo epi pou'w fè volonte Li, ou dwe abandone pasyon'w yo. Sepandan, sa pat ka pi lwen verite a! Ekriti Sent yo anseye ke Bondye fè nou vle epi aji dapre bon plan Li. Lè yo alinye ak volonte Li, anbisyon'w yo pa egoyis; yo konsekan.

Pa egzanp, si anbisyon'w se pou'w eksele nan sektè swen palatif liksye a epi objektif Bondye ba ou a se pou'w evanjelize, pwofi biznis ou yo ka finanse misyon, sipòte ministè, epi kreye opòtinite pou pataje Levanjil la. Bondye vle'w reyisi. Toutotan anbisyon'w yo pa bloke apèl Bondye nan lavi'w men konplete'l, yo vin zouti pwisan pou glwa Li.

DEKLARASYON PWOFETIK

Bondye ban mwen anvi fè bon zè! Kit se nan ministè oswa nan sektè biznis la, siksè mwen sèten tankou solèy k'ap leve nan maten!



ETID KONPLEMENTÈ

Filip 2:13



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 66

Resansman 21-22

Mak 6:1-31

GoodNews
DAILY

PÒTÈ MOVE NOUVÈL

1 Piè 5:7 (ESV)

Lage tout enkyetid ou yo sou li, paske li gen sousi pou ou.

Otantisite Pawòl Bondye a parèt nan andirans presizyon istorik li ak enpòtans li nan lavi reyèl. Malgre sa, anpil kretyen toujou santi yo depase ak lavi, menm lè Labib asire nou lapè Bondye bay la. Lapè sa a distribye bay chak pitit Bondye lè yo resevwa lavi ak Lespri Li. Sa pa montre yon defo nan Pawòl Bondye a, men pito yon pwoblèm nan Legliz modèn nan.

Plizyè milyon kretyen ap viv nan yon eta fatig ak ajitasyon, pa paske yo fèb, men paske y'ap pote chay yo pa't janm sipoze pote. Olye yo lage enkyetid yo sou Jezi nan ane pwofetize lwil etranj sa a, yo kenbe yo. Ou pa aple pou'w pote move nouvèl. Tout sa'w dwe fè se mache nan lapè pafè ak viktwa Kris deja asire pou ou a.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pa pòtè move nouvèl! Se pa responsablite'm pou'm pote chay sitiyaasyon'm ka rankontre yo. M'ap sèvi yon Bondye ki trase chemen viktwa a pou mwen, epi m'ap mache ladan'li!



ETID KONPLEMANTE

Filip 4:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 67

Resansman 23-25

Mak 6:32-56



GoodNews
DAILY

YON PRIYÈ KI SENSÈ

Mak 11:24 (KJV)

Se poutèt sa, mwen di'w: Nenpòt bagay ou dezire, lè'w priye, kwè'w resevwa yo, epi w'ap genyen yo.

Senserite lapriyè pa mezire ak pawòl elokan oubyen ritm powetik. Sa ki pi enpòtan pou Bondye se pozisyon kè'w. Lafwa anrasinen nan kè a. Ekriti Sent yo di nou: "Se ak kè a moun kwè pou yo jwenn jistis." Lafwa se demonstrasyon ekstèn kwayans nou nan Pawòl Bondye a. Lè'w eksprime lafwa'w nan pawòl, li vin tounen yon manifestasyon de kwayans ki nan kè'w la.

Anpil kreyen sipoze priyè yo pa jwenn repons paske yo pa't konprann verite sa a. Sepandan, konprann ke konfèsyon'w nan lapriyè se plis pase jis repete sa Bondye te di sou ou; se pale an akò ak lafwa'w, an akò ak Pawòl Bondye a. Yon lapriyè ki sensè gen pouvwa pou transfòme lavi'w nèt epi debloke pi bon bagay Kris gen pou ou. Pran pouvwa sa a jodiya!

DEKLARASYON PWOFOETIK

Lè'm priye, kè'm an akò ak sa Ekriti yo di sou mwen! Atravè lapriyè ki soti nan fon kè'm, m'ap transfòme epi m'ap trase yon chemen klè pou'm reyisi nan lavi'm!



ETID KONPLEMANTE
Ròm 10:10



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 68
Resansman 26-27
Mak 7:1-23



DÒZ SENTESPRI A

Efèz 5:18 (KJV)

Pa soule tèt nou ak diven, sa se debòch; men, ranpli nou ak Lespri Bondye a.

sibstans menm jan yo angaje menm fakilte fizik Sentespri a touche lè'w "sou nan Lespri a". Nan jou Pannkòt la, lè Sentespri a te vide sou moun yo, moun ki te la yo te pase disip yo nan betiz, yo te di bagay tankou "mesye sa yo dwe sou", san yo pa reyalize ke yon moun ka sèlman jwenn yon lajwa ak yon ekstaz konsa nan kominyon ak Sentespri a!

Lè'w ranpli ak Lespri a, se tankou kouran elektrik k'ap koule nan zo'w, san'w, sinis ou yo, ak kò'w, pou revitalize epi ranfòse chak pati nan ou! Lè'w gen Kris, pa gen bezwen pou ranplasman; yon dòz nenpòt lòt bagay pa sèvi okenn objektif. Vide tèt ou de dezi ak distraksyon lachè yo, fikse je'w anlè, epi ranpli ak Lespri Li!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Sentespri a ki nan mwen an tankou kouran elektrik k'ap pase nan tout kò'm! Lè'm vide tèt mwen epi'm kite'l pran kontwòl, mwen vin pi fò ak pare pou simonte nenpòt defi!



ETID KONPLEMANTE
Travay 1:8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 69
Resansman 28-30
Mak 7:24-37



ERITYÈ APARAN

Galasi 4:1 (KJV)

Kounye a mwen di ke eritye a, toutotan li se yon timoun, li pa diferan de yon sèvitè, menm si li se mèt tout bagay.

Nan tan lontan, wa nòb ak gran dinasti yo te etabli eritaj pou pitit yo, pou asire kontinyasyon richès ak eritaj yo. Moun ki te gen dwa eritye men ki poko pran dwa sa a, yo te rele yo eritye aparan. Malerezman, anpil kretyen viv tout lavi yo san yo pa reklame tout eritaj Bondye yo a. Poukisa? Paske y'ap lite pou yo kite plezi mond lan ale epi soumèt tèt yo bay Bondye.

Atravè listwa, eritye aparan yo te souvan moun ki te nan anfans yo, se poutèt sa Bib la dekri moun ki mare pa dezi lachè yo kòm timoun! Toutotan ou kenbe plezi tanporè mond sa a, ou pral viv tankou yon timoun, lwen anba privilèj diven'w yo. Vrè matirite kòmanse lè'w anbrase tout eritaj ou nan Kris!

DEKLARASYON PWOFETIK

Eritaj Kris ban mwen an gen plis valè pase richès oswa renome. Bondye te prepare'm pou siksè! Mwen rejte mond lan epi'm pran plas mwen pami moun ekstraòdinè yo. Mank pa konnen adrès mwen, nan non Jezi ki gen tout pouvwa a!



ETID KONPLEMANTE

Galasi 4:3



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 70

Resansman 31-32

Mak 8:1-21



GoodNews
DAILY

MOUN K'AP MANDE PA KA CHWAZI

Revelation 1:6 (KJV)

E li fè nou wa ak prèt pou Bondye Papa li; se pou li lwanj ak pouvwa ye pou tout tan gen tan. Amèn.

Bondye fè pitit li yo wa ak prèt! Yon pati kle nan fòmasyon'w se konprann prensip senp men pwofon sa a: wa yo pa mande charite! Ou pwobableman deja tande fraz la, “moun k'ap mande pa ka chwazi.” Nan lòt mo, si'w konpòte'w tankou yon mandyan, toujou dezespere epi kontante'w ak mwens, ou vin tonbe anba kontwòl sitiyasyon yo epi'w abandone pouvwa pou chwazi pi bon rezilta dapre Bondye. Bondye te ba'w pouvwa pou domine nenpòt sikonstans.

Ane sa a, soumèt nenpòt ak tout sikonstans avèk onksyon lwil etranj la. Antanke pitit Bondye, ou gen misyon pou konpòte'w yon fason ki reflekte otorite, gras, ak abondans ki apwopriye pou wayote. Si viv selon mond lan ka sifi pou yon nonm chanèl, apèl Bondye pou ou a delwen pi gwo. Mache tankou yon wa, pa tankou yon mandyan!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen se WAYOTE! Mond lan ak sistèm li yo anba kontwòl mwen. Mwen pap janm nan mank ni dekouraje. Mwen pa bezwen sipliye Bondye pou fè yon chanjman nan lavi'm; Li te deja fè'l. Viktwa a se pou mwen!



ETID KONPLEMANTE
1 Piè 2:9



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 71
Resansman 33-34
Mak 8:22-38

VANDREDI, 13 MAS



PWOSPÈRITE ABSOLI

2 Korint 8:9 (KJV)

Paske'w konnen gras Senyè Jezikri nou an, ke, malgre li te rich, li te vin pòv pou ou. Konsa, gras ak povrete li a ou kapab vin rich.

Sa se Ane Lwil Etranj la, pa gen plas pou povrete nan Krisyanis! Malgre sa ka sanble yon deklarasyon pwovokan ki chaje kontwovès, ekriti yo konfime reyalyte espiyèl ak fizik sa a. Pitit Bondye yo pa sijè a sistèm mond lan. Anfèt, nou gen misyon pou nou enpoze yo wayòm selès nou an ki gen pwospèrite ak abondans absoli.

Ou ka chwazi povrete lè'w neglije tout sa Kris te asire nan lanmò ak rezirèksyon Li, lè'w viv anba idantite divin ou an, oubyen ou ka chwazi mache nan abondans total chak pwomès Li te akonpli yo. Eritaj ou nan Senyè a se yon lavi kote mank, maladi, ak malè pa janm ka jwenn ou, yon lavi PWOSPÈRITE ABSOLI!

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen pwospere nan tout sa'm fè! Mwen rejte yon lavi povrete, ki bay move imaj de kado Kris te sere pou mwen yo. Richès mwen ak epanouyman'm pa konn limit. Fenèt opòtinite ak benediksyon yo pral lokalize'm ane sa a!



ETID KONPLEMANTE

Jan 10:10



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 72

Lik 5:1-39

Sòm 29-31

GoodNews
DAILY

DISTRIBITÈ LANMOU

1 Jan 4:20 (NIV)

Nenpòt moun ki di li renmen Bondye epi ki rayi frè'l oubyen sè'l, se yon mantè. Paske, yon moun ki pa renmen frè'l ak sè'l, ki se moun li wè, pa ka renmen Bondye ke li pa wè.

Èske se pa remakab konbyen moun ki reklame ke yo renmen Senyè a ak tout kè yo ak tout nanm yo? Men, lanmou sa a rete san prèv si yo pa montre'l anvè moun yo ka wè. Ekriti Sent yo klè, si'w gen rayisman menm pou yon sèl moun, pretann ou renmen Bondye se manti! Li fasil pou'w deklare ou devoue pou Kris, men vrè lanmou an parèt nan fason ou trete lòt moun.

Anpil moun ap mande tèt yo poukisa yo pa janm fè eksperyans benediksyon ki nan Ekriti yo, yo pa reyalize ke nan je Bondye, yo pa pami moun ki vrèman renmen'l. Poukisa? Akòz rayisman yo pote nan kè yo anvè pwochen yo. Renmen menm moun ki pi difisil pou renmen yo, pa paske yo merite'l, men paske Kris te renmen'w an premye, menm nan pi move eta'w.

DEKLARASYON PWOFEK

Mwen se yon distribitè lanmou! Lanmou mwen genyen pou lòt moun se prèv de kiyès Bondye ye pou mwen. Rayisman, avidite ak rankin p'ap janm gen plas nan mwen! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Ròm 5:8



365 JEU DEFI LEKTI LABIB – JEU 73
Resansman 35-36
Mak 9:1-32



KOUPAB JAN YO AKIZE'L LA

Nawoun 1:3 (NIV)

Seyè a pa fache fasil, men li gen anpil pouvwa. Seyè a p'ap kite koupab la san pinisyon. Chemen Li se nan toubouyon ak nan gwo lorya, epi nyaj yo se pousyè pye'l.

Nati yon vrè kretyen se pou padone rapidman, renmen menm moun ki pa merite sa yo akòz lanmou Jezikri te eksprime an premye anwè nou sou lakwa a. Pandan ke sa a se reyalyte pou chak kretyen, anpil moun konsidere konduit sa a kòm yon atitid pasif ak san defans devan atak lènmi an. Men, sa lwen verite a!

Vèsè jodiya di nou ke Bondye p'ap janm kite moun k'ap goumen kont ou yo san pinisyon. Lè'w mete chay ou yo sou Jij linivè a, fè konfyans ke L'ap ba'w yon vèdik ki koresponn ak krim lènmi an te komèt kont ou. W'ap sèvi yon Bondye ki gen anpil pouvwa. Pa enkyete'w pou sa lèzòm ka fè'w, L'ap pini tout mal ki fèt kont ou!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Chak lènmi k'ap travay kont mwen koupab jan yo akize'l la! Avèk onksyon lwil etranj ki nan mwen, chak zak mal ki konplote kont mwen ap pini pa dife nan non Jezi! Mwen se yon GAYAN!



ETID KONPLEMANTE

Deteronòm 32:4



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 74

Deteronòm 1-3

Mak 9:33-50

LENDI, 16 MAS

GoodNews
DAILY

SAL LOPITAL YO VID

Ezayi 53:5 (KJV)

Men, li te blese poutèt peche nou yo, li te brize poutèt inikite nou yo : Chatiman ki te ban nou lapè a te tonbe sou li, e ak blesi Li yo nou te geri.

Antanke pitit Bondye, sante divin se dwa'w atravè sakrifis Kris la ke Li te asire pou ou pa rezirèksyon Li. Yon lavi maladi, enfimite, ak ospitalizasyon pa't janm fè pati plan Bondye. Rejte tout konplo dyab la pou pote maladi nan lavi'w ak nan lavi fanmi'w, Kris te peye pou'w ka gen yon sante pafè!

Lè'w mache nan verite sa a, Bondye rele'w pou'w vin yon potè ak distribitè menm pouvwa gerizon sa a pou moun ki nan bezwen. Bondye ba'w otorite sou tout maladi. Se devwa'w pou'w geri malad yo epi delivre yo nan fènwa pou yo antre nan limyè gloriye Bondye a, jiskaske chak sal dijans, lopital ak sant reyabilitasyon vin vid!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Bondye ban mwen yon lavi ki gen sante divin! Li ban mwen pouvwa pou'm distribye menm pouvwa gerizon sa a bay moun ki nan bezwen! Maladi ak enfimite se yon anomali nan fanmi'm, nan non Jezi!



ETID KONPLEMANTE
Mak 16:17-18



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 75
Deteronòm 4-6
Mak 10:1-31



GPS BONDYE A

Filip 1:6 (KJV)

Ak konfyans nan bagay sa, ke Li (Bondye) ki te kòmanse bon travay sa a nan ou, pral kontinye'l jouktan jou Jezikri a va rive.

Yon Sistèm Pozisyonman Global (GPS) itilize siyal satelit pou detèmine lokalizasyon egzak ou epi gide'w nan destinasyon'w. Youn nan karakteristik ki pi remakab li yo se kapasite li genyen pou chanje wout ou. Kèlkeswa kantite move vire ou pran, li toujou mete'w sou bon chemen pou rive nan destinasyon final ou.

Pou yon kretyen, Bondye fonksyone menm jan an tou. Kèlkeswa erè ouswa move chemen ou te fè, Li kontinye ap travay pou mennen'w tounen sou bon chemen an nan direksyon sa Kris te rele'w pou'w ye a. Pa defini tèt ou dapre tan lontan'w. Bondye pa konsantre sou erè'w yo; Li angaje'l pou restore'w epi gide'w tounen sou bon chemen an nan chak etap.

DEKLARASYON PWOFETIK

Siksè garanti lè'm swiv chemen Kris trase pou mwen an. Kèlkeswa move jijman'm te fè nan tan lontan, mwen gen konfyans ke bon travay Kris la te kòmanse nan mwen an, Li pral kontinye'l jouktan li fini nan non Jezi ki pisan an!



ETID KONPLEMANTE
Jeremi 29:1



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 76
Deteronòm 7-9
Mak 10:32-52



JE SIKLÒN NAN

Revelasyon 3:15-16 (KJV)

Mwen konnen sa w'ap fè yo, ke'w pa ni frèt ni cho. Mwen ta pito'w te frèt oswa cho. Enben, paske'w tyèd, ke'w pa ni frèt ni cho, m'ap vonmi'w soti nan bouch mwen.

Nan meteyowoloji, gwo tanpèt tankou siklòn fòme kan lè cho ak lè frèt rankontre, sa kreye enstabilite atmosferik. Sa alimante van vyolan, gwo lapli, ak sistèm presyon kawotik yo. Men, nan mitan tout bagay sa a, gen je siklòn nan, yon kalm twonpè ki antoure pa devastasyon.

Menm jan an tou, lè'w cho ak frèt konsènan bagay Bondye yo, sa kreye yon dezòd ak yon enstabilite espiyityèl. Yon vi mwatye anndan, mwatye deyò ka sanble inosan nan sant li, men li pote destriksyon nan lapè'w, objektif ou, ak relasyon'w ak Bondye. Nouvèl Ane Lwil Etranj sa a, konsantre tout atansyon'w sou Li. Se pou'w totalman an dife pou Bondye, epi w'ap wè mèvèy san konte li yo pran fòm nan lavi'w!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen refize viv yon vi tyèd! Mwen totalman envesti nan lavi Kris ban mwen an. Lè m'ap viv pou Bondye, m'ap chase tanpèt malè ak destriksyon nan lavi mwen. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Jak 1:8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 77

Deteronòm 10-12

Mak 11



PAWÒL LA NAN MITAN BÈT SOVAJ YO

Mak 1:13 (NIV)

Li te nan dezè a pandan karant jou, kote Satan t'ap tante'l. Li te la avèk bèt sovaj yo, epi zanj yo te la pou sèvi'l.

Separasyon vin anvan revelasyon! Soti nan Jenèz rive nan Revelasyon, separasyon esansyèl pou retire tout distraksyon posib, distraksyon oswa divèsyon. Prèske chak gwo pèsonaj bibliik te pase tan nan solitud ap resevwa enstriksyon divin anvan yo te antre nan tout ekspresyon apèl yo. Pòl te pase twa zan nan Arabi, Moyiz karant ane nan dezè a, epi Jezi karant jou nan savann nan. Se pa't yon konyensidans; se te yon zouti nesèsè pou yo te ka branche zòrèy yo sou Pawòl Bondye a.

Separe vle di fè bri yo fè silans, menm lè yo toutotou'w, epi fikse atansyon'w sou sa Bondye vle depoze nan lespri'w. Pandan tan separasyon Li an, Jezi te fè fas ak distraksyon yo, soti nan atak demonyak rive nan bèt sovaj, men li te rete konsantre. Se la, nan entansite opozisyon espirityèl ak fizik la, ke zanj yo te sèvi Li. Chwazi separasyon nan ane lwil etranj la.

DEKLARASYON PWOFEKIK

Lè'm pran tan pou'm koute Bondye, menm nan mitan bèt sovaj ak distraksyon yo, mwen jwenn fòs ak swen!



ETID KONPLEMANTE

Matye 6:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 78

Deteronòm 13-15

Mak 12:1-27



Pwovèb 13:20 (KJV)

Moun ki mache ak moun ki saj ap vin saj. Men, yon moun ki fè zanmi ak moun ensanse ap detwi tèt li.

Siksè ak sivil yon myèl depann de konpayi li genyen. Nan rich la, chak myèl gen yon wòl, ouvriye yo ranmase nèkta, enfimye yo pran swen pitit yo, gad yo pwoteje, epi rèn nan ponn ze pou soutni koloni an. Si youn echwe, sekirite ak establite rich la an danje. Menm jan an tou, antanke pitit Bondye, nou souvan souzestime konsekans ki genyen lè nou antoure tèt nou ak move moun.

Imajine mach ou avèk Kris tankou yon nich espiyèl ki fèt ak moun ki pozisyon pou mennen'w nan direksyon vokasyon'w. Si'w kite move enflayans yo, sa ka konpwomèt kwasans ou san'w pa vle epi detounen direksyon lavi'w. Bib la avèti ke konpayi moun ensanse mennen nan destriksyon. Chwazi avèk sajès. Antoure tèt ou ak moun ki gen menm mantalite avèk ou epi ki pasyone pou fè Wayòm Bondye a avanse. Destine'w gen twòp valè pou'w riske'l sou koneksyon ki pa gen enpòtans.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

M'ap mache nan sajès! Mwen detache tèt mwen de tout enflayans ensanse. Relasyon mwen yo refilete yon estanda selès. Mwen mete tèt mwen ansanm ak moun ki gen krentif pou Bondye, ki gen fòkis e ki motive, tankou mwen!



ETID KONPLEMANTE

1 Korint 15:33



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 79

Lik 6:1-24

Sòm 32-34



DOKTRIN LÈZÒM YO

Mak 7:13 (KJV)

Ou fè pawòl Bondye a pèdi efikasite li ak tradisyon'w yo, tradisyon ke ou te etabli yo: ansanm ak anpil lòt bagay konsa ou fè.

Plizyè milyon kretyen soufri paske yo pran pawòl oswa koutim lèzòm yo epi fè yo tounen doktrin. Lekriti Sent yo montre akèl ke youn nan kèk bagay ki kapab fè Pawòl Bondye a pa efikas se lè yo egzalte tradisyon lèzòm sou Pawòl Bondye a ki pa ka fè erè. Kò w'ap itilize sou Latè a se jis yon koki, vrè ou menm nan se lespri. Sa vle di kilti peyi'w, vil ou ak fanmi'w soumèt a otorite siperyè Pawòl Bondye a.

Si kilti mond lan ankouraje povrete, anmè, depresyon, oswa nenpòt mantalite ki kontredi prensip Bondye yo, rejte yo. Modèl sa yo gen pou objektif pou prive'w de benediksyon ak reyalite espirityèl ki revele nan ekriti yo. Nan moman ou te resevwa Kris la, ou te fèt ankò nan yon kilti ekselans ak dominasyon sou bagay terès ak espirityèl yo. Mache nan ekselans sa a jodiya!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen rejte tradisyon mond sa a! Nenpòt kwayans oswa koutim ki pa anrasinen nan ekriti yo pa gen okenn pouvwa sou mwen. Pawòl Bondye a se otorite final nan lavi'm; mwen mache nan plenitud li jodiya!



ETID KONPLEMANTE
Kolòs 2:8



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 80
Deteronòm 16-18
Mak 12:28-44



Ezayi 60:22 (NLT)

Fanmi ki pi piti a pral tounen mil moun, e pi piti gwoup la pral tounen yon gwo nasyon. Nan bon lè a, se mwen menm, Seyè a, k'ap fè sa rive.

Gen yon pwovèb ki di, “Konparezon se vòlè lajwa.” Senp fraz sa a reflète yon verite bibliik pwofon. Anpil kretyen pèdi lapè ak lajwa yo lè yo konpare sitiyasyon finansye, matrimonyal oswa pwofesyonèl tanporè yo ak sitiyasyon lòt moun. Lekriti Sent yo asire nou ke Bondye vle epi li gen entansyon livre sèlman bagay ki pi bon yo pou nou. Antanke yon Papa saj e ki konnen tout bagay, Li konnen pi bon moman, fason ak sezon pou libere benediksyon sa yo.

Pwoblèm yo pa vle di Bondye abandone'w, ni yo pa vle di pa gen pi gwo jou devan'w. Pa janm konsidere lavi'w kòm echèk. Lòt moun ka sanble pi lwen, men kous la pa pou moun ki rapid yo. Bondye gen yon plan pafè, pèsònèl pou lavi'w, ranpli ak benediksyon garanti!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen pa konpare lavi'm ak lavi lòt moun! Mwen konnen Bondye gen yon plan inik ak espesyal pou mwen. Mwen p'ap janm wont oswa dekouraje nan ane lwil etranj sa a; m'ap sèvi yon Bondye ki fè bagay yo RIVE! Alelouya!



ETID KONPLEMANTÈ

Eklezyas 9:11



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 81

Deteronòm 19-21

Mak 13:1-20



GoodNews
DAILY

ANVI MOUN KI ENPI YO

Sòm 37:1-2 (NIV)

Pa irite akòz moun ki mechan yo oubyen anvyen moun k'ap fè sa ki mal yo; paske, tankou zèb, yo gen pou yo fennen talè konsa, tankou plant vèt yo, yo pral mouri talè konsa.

Anpil moun ap viv anba fo enpresyon ke Legliz la dèyè mond lan sosyalman, sa ki fè yo admire moun ki okipe gwo pozisyon nan wayòm fènwa a. Poutan, ekriti yo klè. Yon moun ka posede anpil richès ak enfliyan, men lè'w konnen kiyès ou ye ak de kiyès ou sòti, estati nenpòt moun pa anyen an konparezon.

Lè'w admire moun ki pa gen respè pou Bondye yo, ou louvri tèt ou bay enfliyan yo, kidonk, bay Satan, piti piti ou adopte abitud mond lan sou bagay ki dwat yo. Nan Kris, ou posede delwen pi gwo richès, estati ak otorite pase nenpòt moun ki aliye ak fènwa. Ou pa sèlman pi byen ekipe; ou mil fwa pi prepare e pi fò pou simonte chak defi lènmi an prezante.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen refize anvyen fason moun ki pa gen respè pou Bondye yo ap viv! Mwen p'ap janm sede anba enfliyan lènmi an. Kèlkeswa pouvwa moun nan mond lan genyen, m'ap sèvi yon Bondye ki pi gwo e ki pi gran pase yo tout! Lwanj pou Senyè a. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

1 Jan 4:4



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 82

Deteronòm 22-24

Mak 13:21-37



GoodNews
DAILY

TOUT DEPANN DE OU

Jak 1:22 (NLT)

Men, pa sèlman koute pawòl Bondye a. Ou dwe fè sa'l di. Sinon, w'ap sèlman twonpe tèt ou.

Èske'w te konnen nivo lavi'w, sitou nan sa ki konsène pwosperite ak sante, se ou menm sèlman ki pou deside? Kèlkeswa jan'w fidèl oswa devwe anvè Bondye, Li p'ap annik ba'w sante oswa richès. Sa yo se pa rekonpans, yo se rezilta aplikasyon Pawòl Li.

Bondye te ba'w Pawòl li avèk espwa ke, atravè aplikasyon li, chak pwomès li te fè ap manifeste nan lavi'w. Men, anpil kretyen, ki pa konnen prensip sa a, adopte yon fo kwayans ke “move bagay toujou rive bon moun”.

Verite a se, byenke angajman yon moun anvè Bondye gen valè, li pa detèmine kalite eksperyans kretyèn yon moun. Aplikasyon prensip bibliik yo fè sa. Bondye deja ba'w pouvwa ak otorite pou chanje lavi'w. Vre kesyon an se, èske w'ap itilize li?

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Siksè mwen depann de mwen sèlman! Bondye deja ban mwen resous pou'm reyisi. Ane sa a, m'ap itilize tout sa li ban mwen nan non Jezi ki gen tout pouvwa a! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Lik 10:19



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 83

Deteronòm 25-27

Mak 14:1-36

GoodNews DAILY

SA'W WÈ A SE SA'W JWENN

Jozye 6:2 (KJV)

Seyè a di Jozye konsa: Gade, mwen lage nan men'w Jeriko, wa li a ansanm ak tout vanyan sòlda li yo.

Domèn fizik la gouvène pa sa k'ap pase nan espiyèl la. Kidonk, anvan ou ka posede sa Kris ba ou a, ou dwe an premye wè'l manifeste espiyèlman, pa wè'l ak je natirèl, men atravè je lespri a. Sa a se youn nan prensip ki gouvène Wayòm nan.

Nan vèsè jodiya, Jozye rakonte evènman ki te mennen nan batay Jeriko a. Anvan yo te mobilize twoup yo oswa rale nenpòt zam, Bondye te deklare ke vil la te deja lage nan men'l. Tout sa Jozye te bezwen fè se te wè'l an premye.

Bondye lage tout sa'w bezwen pou'w pwospere epi fleri. Gade sa manifeste nan domèn espiyèl la atravè lapriyè ak lekti Pawòl li, epi siman l'ap pran fòm nan domèn natirèl la.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen wè pwosperite, sante divin, fenèt opòtinite yo, ak benediksyon yo lage nan men'm! Mwen deja genyen batay la kont lènmi an nan tout aspè nan lavi mwen. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Jenèz 13:14-15



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 84

Deteronòm 28-29

Mark 14:37-72



KISA BONDYE DI?

Jòb 22:28 (KJV)

Ou menm tou w'a dekrete yon bagay, epi l'ap rive vre pou ou. Epi limyè a va klere sou chemen'w yo.

Anpil kretyen mal reprezante vrè siyifikasyon ak enpòtans sa Ekriti yo anseye sou pouvwa lapawòl. Konfesyon pa sèlman konsène rete pozitif oswa evite negativite, men tou mete pawòl ou an akò ak verite Pawòl Bondye a. Vèsè jodiya raple nou ke lè'n dekrete an akò ak Pawòl Bondye a, nou aktive volonte Li nan domèn natirèl la.

Konfesyon pa gen rapò ak repetisyon san reflechi tankou yon jako. Li pisan sèlman lè pawòl ou yo refilete sa Bondye di sou ou. Alò, kisa Li di? Li di Li vini pou'w ka pwospere epi pou'w an sante. Ke'w gen otorite sou prensipote ak pouvwa yo. Ke'w pa moun mond sa a. Deklare'l avèk kran! Se pa sèlman vre espiyèlman; li reyèl pou ou nan mond fizik la tou.

DEKLARASYON PWOFETIK

Pawòl mwen pale yo an akò nèt ak Pawòl Bondye a. Pandan m'ap konfese sa Ekriti yo di sou lavi'm, m'ap fè verite sa yo manifeste nan fizik la, nan non Jezi. Amèn.



ETID KONPLEMANTÈ

2 Korint 4:13



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 85

Deteronòm 30-31

Mak 15:1-24



GoodNews DAILY

KONVENYANS (KONFÒ) VS KONVIKSYON

2 Timote 4:2 (KJV)

Preche pawòl la; fè sa ak dilijans nan bon, kou nan move sezon; reprimande, rale zòrèy, egzòte avèk tout pasyans ansanm ak doktrin.

Nan dènye jou sa yo, pastè atravè lemond mete aksan sou enpòtans vital pou genyen nanm, fè moun soti nan fènwa pou yo antre nan limyè Pitit Gason Bondye a, Jezikri. Sepandan, anpil kretyen sèlman pataje Levanjil la lè sa bon pou yo, olye de lè Sentespri a pouse yo fè sa. Vèsè jodiya raple nou se devwa nou pou nou pare pou'n pataje lafwa nou, nan bon ak nan move sezon.

Bondye pa fonksyone selon orè nou prefere a. Lè Sentespri a pouse'w pale, pa tann jiskaske moman an santi'l bon, aj! Jezi, egzanp pafè nou an, te pale Pawòl la avèk kouraj, san gade sou moun ki te vle fè'l mal. Refize konpwomèt sa Ekriti yo montre klèman. Pa inyore ensitasyon Lespri a pou rive jwenn yon moun ak levanjil la. Chwazi konviksyon olye de konvenyans (konfò).

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen toujou pare pou'm gaye mesaj Jezikri a bay nenpòt moun, nenpòt kote, nenpòt ki lè! Laperèz pou yo pa rejte'm p'ap janm bloke konviksyon'm pou'm ede lòt moun. Tankou Jezi, mwen chwazi konviksyon olye de konvenyans! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
1 Piè 3:15



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 86
Deteronòm 32-34
Mak 15:25-47



PI WO KE SIKONSTANS YO

Ròm 12:2 (NIV)

Pa konfòme'w ak modèl mond lan, men kite'w transfòme pa chanjman mantalite'w. Konsa, w'ap kapab teste ak rekonèt sa volonte Bondye ye - bon, plezan ak pafè volonte Li.

Gen yon domèn ki depase natirèl la, yon domèn de glwa kote Pawòl Bondye a se fondasyon siprèm nan. Nan reyalite siperyè sa a, sèl lwa ki fonksyone yo soti nan Pawòl Bondye a. Atravè Kris, ou fè pati domèn sa a kounye a, epi Bondye ba ou Pawòl li pou antrene'w pou lavi ki pi wo pase sikonstans mond lan. Donk, pa janm di, "Mwen anba sikonstans yo", sa pa janm ka reyalite'w. Nan Kris, ou viv pi wo pase tout move sikonstans.

Pou'w mache nèt ale nan eta siperyè sa a, lespri'w dwe soumèt li chak jou anba Pawòl Bondye a. Lè'w soumèt chè'w anba verite diven Bondye a, ou libere tèt ou anba modèl maladi, mank, depresyon ak malè mond lan, epi'w antre nan nouvo reyalite abondans ak pwosperite'w la.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen viv pi wo pase sikonstans yo! Mwen viv yon lavi byen lwen pwoblèm mond lan ap fè fas. Mwen fèt nan wayòm glwa Bondye! Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Efèz 2:6



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 87
Jozye 1-3
Mak 16

GoodNews
DAILY

TANKOU PAPA, TANKOU PITIT

2 Korint 3:18 (KJV)

Men nou tout, ak figi nou dekouvri, pandan n'ap gade glwa Senyè a tankou nan yon glas, nou chanje pou'n vin menm imaj la, de glwa an glwa, menm jan ak Lespri Senyè a.

Senyè Jezi te viv sou Latè pa kòm Pitit Bondye nan tout majeste Li, men kòm Pitit Lòm. Li te chwazi pou'l fonksyone kòm yon nonm pou'l demontre ke mirak, siy ak mèvyè li te fè yo kapab fèt tou pa ou menm, pitit Li, menm pandan'w nan kò terès sa a.

Pandan'w ap li Levanjil yo epi w'ap temwen temwayaj puisan ministè Li a, pa konsidere travay Li yo kòm bagay ki pa aksesib. Kris te vini pou'l te egzanp pafè a, yon modèl sou fason nou sipoze viv. Lanmò li sou kwa a pa't sèlman pou redanmsyon; se te pou'w ka resevwa epi mache nan menm pouvwa ak lavi Li genyen an.

DEKLARASYON PWOFETIK

Mwen gen lavi Kris la nan mwen! Senyè Jezi a se egzanp pafè mwen, epi pandan m'ap li epi medite sou Pawòl li, m'ap transfòme chak jou pou'm vin bon jan pòtre li. Amèn.



ETID KONPLEMANTE

1 Jan 4:17



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 88

Jozye 4-6

Jan 1:1-28



SA LI FÈ, LI FÈ

Lik 10:19 (KJV)

Gade, mwen ba'w pouvwa pou ou mache sou sèpan ak eskòpyon, epi pou'w kraze tout pouvwa lènmi an; anyen p'ap ka fè'w mal.

Gen yon bann kretyen ki pa rive reyalize pouvwa yo genyen pou chanje sitiyasyon yo. Anpil moun reyaji pasivman nan lavi a, yo pèmèt sikonstans yo dikte rezilta yo, olye yo fòse chanjman. Deklarasyon tankou “Sa li fè, li fè” oswa “Si'l se pou mwen, l'ap vin jwenn mwen” se manti ki soti nan ènmi an ki fèt pou bloke eritaj ou.

Antanke yon moun ki fèt nan Bondye, ou resevwa otorite ak pouvwa pou detwi tout plan ak move imajinasyon lènmi an. Ou ka rele tout bagay Kris ba ou pou yo manifeste. Sa vle di ou ka deklare pwosperite'w, sante divin ou, epi kòmande tout kalite benediksyon pou rantr nan lavi'w. Pran Pawòl Bondye a jodiya, mache nan reyalite li, epi temwen chanjman lavi'w pou tout tan.

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Yo pap janm pran'm pa sipriz! Pa gen okenn sikonstans ki depase kapasite'm pou'm fè chanjman. Mwen pa yon kretyen reyaktif; mwen lakòz bagay yo reyaji! Amèn.



ETID KONPLEMANTE

Filip 4:13



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 89

Jozye 7-9

Jan 1:29-51



GoodNews
DAILY

INJORANS LA PAWÒL

Oze 4:6 (KJV)

Pèp mwen an ap detwi paske li manke konesans. Paske ou te voye jete konesans, mwen menm tou m'ap voye'w jete, ou p'ap sèvi'm prèt ankò. Lè'm wè ou bliye lalwa Bondye'w la, mwen menm tou mwen va bliye pitit ou yo.

Nan yon tribinal, inyorans pa janm yon eskiz valab. Malerezman, anpil kretyen pa konnen verite ki nan Bib la. Kidonk, yo viv yon lavi òdinè plen doulè, povrete, mank ak lit. Se pa paske se volonte Bondye, men paske yo pa okouran de sa ki pou yo.

Bib la klè: pèp Bondye a detwi paske yo manke konesans, pa paske lènmi an twò pisan, men paske yo pa ekipe pou reziste li. Pawòl Bondye a se asenal ou. Lè'w li'l epi medite sou li, ou jwenn zam espiyèl pou'w defèt tout atak dyab la. Refize viv anba eritaj ou a. Mache nan puisans ak pwomès Pawòl Bondye a!

DEKLARASYON PWOFEKTIK

Mwen se yon kretyen ki etidye anpil! Lè'm li Pawòl Bondye a, mwen ekipe tèt mwen pou batay. Lè'm li Pawòl la, lènmi an pa gen okenn chans! Glwa pou Bondye. Amèn.



ETID KONPLEMANTE
Ezayi 5:13



365 JOU DEFI LEKTI LABIB – JOU 90
Jozye 10-12
Jan 2



GID PWOFOETIK OU CHAK JOU

GoodNews Daily kontan prezante edisyon espesyal ki kreye ak anpil swen pou adolesan ak timoun, ki akonpaye devosyon prensipal nou an. Chak edisyon delivre Pawòl pwofetik jounen an dirèkteman soti nan kè pwofèt Uebert Angel, prezante nan yon fason ki pale ak chak etap nan lavi a epi ki konekte ak chak manm fanmi an.

Devosyon sa yo te rasanble ak anpil swen pou fè Pawòl Bondye a vin vivan nan yon fason ki fasil pou moun idantifye avè l epi ki gen enpak, pou ede lektè yo grandi nan lafwa, konpreyansyon ak matirite espirityèl. Misyoun nou se asire ke verite Bondye a rive nan kè tout laj, pou enspire yon relasyon pi pwofon avèk Li chak jou.

EDISYON ADOLESAN YO

Ale pi fon avèk apèsi pwisan ki ekipe jèn yo pou yo navige defi lavi yo avèk sajès ak fòs espirityèl.

EDISYON TIMOUN YO

Fèt pou prezante konsèp fondamantal lafwa, lanmou, ak pwomès Bondye yo nan yon fason amizan e kaptivan pou ede jèn yo devlope yon relasyon solid ak Bondye epi rann Bib la vivan.



Chak jou, w'ap resevwa Pawòl Pwofetik Jounen an, ekri pa Pwofèt Uebert Angel, yon mesaj diven pou ranfòse relasyon w avèk Bondye epi gide w nan viv dapre Pawòl Li. Se yon fason pwisan pou fanmi yo grandi ansanm nan lafwa epi apwofondi konpreyansyon yo sou verite Bondye a.

PA RATE SA!

Kòmanse fè eksperyans pouvwa transfòmasyon BònNouvèl Jounen an, yon gid pwofetik ki fèt pou ankouraje ak enspire chak jenerasyon!





SENYÈ JEZI KRIS NOU AN

Senyè nou Jezi Kris se wòch angilè lafwa Kreyèn nan, lavi Li ak ansèyman Li yo te enfliyanse anpil anpil istwa limanite. Senyè nou Jezi Kris koni pou konpasyon san parèy Li, sajès Li, ansanm ak mirak Li te fè yo. Mesaj Li ki te santre sou lanmou, padon, ak pwomès lavi etènèl, sa ki ofri lespwa ak redanmsyon pou tout moun ki kwè nan Li. Pandan tout ministè Li, Li te vwayaje atravè peyi Jida, pandan L'ap geri malad yo, konsòle moun ki aflije yo, ak ansenye sa ki konsène Wayòm etènèl BonDye a.

Resevwa Jezi Kris kòm Senyè ak Sovè pèsonèl ou vle di aksepte ansèyman Li yo epi envite prezans transfòmativ Li nan lavi'w. Se yon vwayaj k'ap mennen nan akonplisman esprityèl, ki fonde nan lafwa, lanmou, ak pwomès pou jwenn sali.

Avèk Senyè nou an Jezi Kris, nou jwenn fòs, espwa, ansanm ak yon wout pou lapè etènèl. Pou'n ka vin konplè, oswa pou'n sove, se pou'n soumèt nou bay BonDye ansanm ak plan Li avèk objektif Li pou lavi nou. Se vire do bay ansyen fason nou yo epi vire fas bay Jezi Kris, pou'n mande Li padone peche nou yo epi ban nou lavi tou nèf nan Li.

Ròm 10:9 (KJV)

“Si ou deklare ak bouch ou devan tout moun Jezi se Seyè a, si ou kwè tout bon nan kè'w BonDye te fè'l leve soti vivan pami mò yo, wa sove.”

Sali se kado gratis BonDye ban nou epi nou vin pitit Li. Se yon akseptasyon irevokab nan fanmi BonDye a ak yon pouvwa pou fè viv yon lavi konplè ak byen ranpli nan objektif pou relete BonDye ak tout rèss kreyasyon Li an.



ESKE'W RESEVWA JEZI KRIS DEJA?

“Paske, Pitit Lòm nan vini pou'l chache epi pou'l sove sa ki te pèdi.” – Lik 19:10 (KJV)

N'AP ENVITE'W FÈ JEZI KRIS, SENYÈ LAVI'W NAN FÈ PRIYÈ SA A;

“Senyè BonDye, mwen vin kote'w nan non Jezi Kris. Mwen kwè ak tout kè'm nan Jezi Kris, pitit BonDye vivan. Mwen kwè li te mouri pou mwen e BonDye te leve li nan lanmò. Mwen kwè ke li vivan jodiya. Mwen konfese ak bouch mwen ke Jezi se Senyè lavim depi jodiya. Ak li e nan non li, mwen gen lavi etènèl; mwen fèt ankò (ne de nouvo). Mèsi Senyè, poutèt ou sove nanm mwen! Mwen se pitit BonDye kounye a. Alelouya!”

Felisitasyon!

Kounye a ou se pitit BonDye.

Kontinye grandi lè'w rete nan Pawòl li, priye chak jou, epi kenbe lafwa'w solid. BonDye rezève yon pakou enkwayab pou ou.

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com





PASAJ LABIB POU PWOTEKSYON

Ou antoure pa pouvwa BonDye a, pa gen anyen mal ki ka kanpe kont ou!

EZAYI 54.

14. Mwen te fèt solid, anrasinen nan ladwati. Byen lwen tout twoub—pa gen anyen pou'm pè! Byen lwen latèrè—li pap menm ka vin pre'm!

15. Si nenpòt moun atake'm, mwen pap panse yon moman ke se BonDye ki te voye yo. E si nenpòt moun ta dwe atake'm, pa gen anyen k'ap pase.

16. BonDye te kreye fòjwon ki met dife nan fòj li epi fabrike zam pou touye. Se Limenm tou ki kreye bandi k'ap kraze brize.

17. Men pa gen okenn zam ki ka blese'm ki te fabrike deja. Nenpòt moun ki akize'm yo pral pase kòm mantè. Mwen se sèvitè BonDye kidonk men a kisa m'pral atann: BonDye pral fè ansòt ke tout bagay mache trè byen pou mwen.

Se sa BonDye di e sa pap echwe nan non Jezi!

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsworld.com





KADO SALI A

RÒM 10:9 (KJV) “SI’W KONFESE AK BOUCH OU SENYÈ JEZI A, E SI’W KWÈ NAN KÈ’W KE BONDYE TE RESISITE’L SOTI VIVAN NAN LANMÒ, WA SOVE.”

Sali se pi gwo mirak ki genyen. Ou pa genyen’l pa bon zèv yo oswa efò relijye, se yon kado gratis Bondye bay. Lè Jezikri te mouri epi Li te resisite, Li te louvri chemen an pou chak moun te ka sove anba peche epi mennen nan lavi etènèl. Bra Li yo louvri byen laj, pare pou akeyi nenpòt moun ki kwè epi ki rele non Li.

Li pa enpòtan kote’w te ye oswa sa’w te fè. San Jezi a lave chak peche, chak erè, ak chak echèk. Nan yon sèl moman lafwa, pase’w efase, e yon lavi tou nèt kòmanse. Tout sa’w dwe fè se kwè nan kè’w ke Jezi se Senyè epi konfese Li ak bouch ou. Kounye a, ou ka resevwa Li.

**Di: “Senyè Jezi, mwen kwè
Ou te mouri pou mwen
epi Ou te resisite. Mwen
resevwa Ou kòm Senyè ak
Sovè mwen.”**

**Se sa, ou fèt yon lòt fwa!
Ou pase de lanmò a lavi.**





MOMAN GERIZON'W LA

1 PIÈ 2:24 (KJV)

“Li menm ki te pote peche nou yo nan kò li sou bwa a, pou nou, ki mouri pou peche, ka viv pou lajistis : pa blesi li yo ou te geri.”

Gerizon se pa yon pwomès k’ap tann pou rive; se yon travay ki fini. Lè Jezi te pandye sou kwa sa a, Li pa’t sèlman pote peche’w yo, Li te pote tout maladi, tout doulè, ak tout enfimite. Mak ki te sou do’l yo se te peman pou byennèt ou.



Ou pa bezwen lite pou’w geri; gerizon’w te garanti plis pase de mil ane de sa. Kounye a, tout sa ki rete se pou’w kwè li. Nan moman ou aksepte Jezikri, menm pouvwa ki te resisite’l soti nan lanmò a kòmanse travay nan kò’w.

Pale lavi ak chak selil ak chak zo. Refize wè tèt ou kòm malad. Okontrè, deklare avèk kran:

“Gras ak blesi li yo, mwen geri.”

Kounye a, pouvwa gerizon sa a ap koule nan ou. Chak sentòm dwe koube devan non Jezi.

Resevwa li, gerizon’w nan la!

YON VIZYON GLOBAL MANDE YON BIDJÈ GLOBAL

VIN YON PATNÈ BÒNNOUVÈL JOUNEN AN



Chak mwa, patnè devwe nou yo distribye kopi gratis devosyon BònNouvèl Jounen an bay moun ki nan òfelina, prizon, lopital, mezon retrèt, lekòl, enstitisyon gouvènman, ak anpil lòt kote atravè lemond. Nou te resevwa anpil temwayaj sou delivrans, gerizon, pwovizyon divin, ak anpil lòt mirak kòm rezilta kanpay distribisyon mondyal sa a.

Vin jwenn nou epi fè pati mouvman gloriye Bondye sa a, k'ap bay moun chans pou fè yon nouvo demaraj ak yon lespwa tout nèf pou demen.

Pou'w grandi plis kòm kretyen, kontakte nou:

UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942

RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955

Email: gnd@goodnewsdaily.com



SCAN ME



YON MESAJ PLIZYÈ LANG

PASKE MESAJ KRIS LA PA KONNEN BARYÈ LANGAJ

BònNouvèl Jounen an ap transfòme lavi atravè lemond atravè tradiksyon nan plizyè lang ki pale toupatou, sa ki bay plizyè milyon moun aksè a konesans Jezikri ki ap sove. Nan tout nasyon ak kilti, moun toupatou ap rankontre Pawòl pwofetik la epi fè eksperyans rankont ak BonDye ki chanje lavi atravè devosyon sa a.



BònNouvèl Jounen an ap kraze baryè epi l'ap pale dirèkteman nan kè moun yo nan pwòp lang yo. Depi lakay ak lekòl rive nan legliz yo, inivèsite e menm nan mitan lidè ak prezidan yo, li rive nan tout nivo nan sosyete a.

Nan pote Pawòl pwofetik Pwofèt Uebert Angel la nan chak nasyon ak chak lang, BònNouvèl Jounen an ap ede akonpli Gran Komisyon an nan jenerasyon sa a.

POU SPONSORIZE VIZITE SITWÈB NOU AN:



BYENVINI NAN SANT SOU ENTÈNÈT NOU AN



DEKOUVRI PLIS VIZITE SITWÈB NOU AN JODIYA

Vizite sitwèb GoodNews Daily a pou jwenn aksè a devosyon pou granmoun, adolesan ak timoun yo, chak ekri ak anpil atansyon pou ranfòse lafwa'w epi apwofondi konpreyansyon'w sou Pawòl Bondye a. Sitwèb la prezante tou ansèyman pwofon Pwofèt Uebert Angel yo, dènye nouvèl sou evènman GoodNews Daily ki pi pwòch yo, ak yon pakèt resous ki fèt pou ede'w grandi ak pwospere nan tout aspè nan lavi'w.

Kit w'ap chèche enspirasyon chak jou, revelasyon ki pi pwofon, oswa fason pou'w rete konekte ak Mond GoodNews la, tout sa'w bezwen disponib nan yon sèl kote sou sitwèb GoodNews Daily a.




Konekte avèk nou sou rezo sosyal yo:


@goodnewsdailydevotional

For daily encouragement, teachings and uplifting messages.

LOUVRI CHAK JOU



Rantre nan kominote global nou an ki chaje oditè kap demare jounen yo ak Devosyon BònNouvèl Jounen an. Tande Good News sou Spotify epi kitel sèviw konpay sou chemen kwasans espirityèl ak verite bibliik anba revelasyon ak ansèyman Pwofèt Uebert Angel yo.



LOUVRI CHAK JOU



Youtube

Nou pote ba ou temwayaj reyèl sou enpak Devosyon BònNouvèl Jounen an te genyen atravè lemond atravè chanèl YouTube nou an. Kòm nimewo en devosyon chak jou, li te tètman touche lavi moun ke nou paka konte, gaye mesaj lespwa, lanmou, ak lafwa. Atravè ansèyman pwofon Pwofèt Uebert Angel yo, Devosyon BònNouvèl Jounen an vin tounen yon zouti pisan pou transfòmasyon pèsonèl, enspire moun, fanmi, ak timoun yo pou viv yon lavi ki gen objektif ak akonplisman.

Pa Pwofèt Uebert Angel



SUBSCRIBE NOW

@GOODNEWSDAILYDEVOTIONAL

GoodNews DAILY

CONNECT

A FRESH WORD EVERYDAY, ONE TAP AWAY



DISPONIB KOUNYE A

Rete konekte ak Pawòl la kèlkeswa kote'w ye! Jwenn aksè a mesaj devosyonèl chak jou, mesaj ankourajan yo ak ansèyman pisan Pwofèt Uebert Angel yo ki pral ranfòse epi bati lafwa'w chak jou.



MAGAZEN NOU AN BAGAY ESANSYÈL YO YON SÈL KOTE



KONPILASYON BÒN NOUVÈL JOUNEN AN VOLIM EN

Viv yon lavi ki bay bon rezilta nan Kris kòmanse avèk yon dezi pou konnen ak konprann Pawòl Bondye a. Konpilasyon Bòn Nouvèl Jounen an, ekri pa Pwofèt Uebert Angel, fè aktivite sa a pi fasil e pi siyifikatif. Volim 1 rasanble anpil chapit pisan ki ranpli ak devosyon ak ansèyman sou diferan sijè, tout ranje nan yon fason ki fasil pou swiv ak konprann. Chak paj ede w grandi pi fò nan lafwa, jwenn yon pi bon konpreyansyon sou Levanjil sa a, epi fè eksperyans pouvwa Pawòl Bondye a k'ap chanje lavi chak jou.

ESKANE ISIT LA
POU MAGAZEN
KONPLÈ A



USE BELOW CODE FOR 10% OFF FIRST PURCHASE:
GOODNEWS10



NIMEWO 1 | 2026 **JANVYE - FEVRIYE – MAS**

BònNouvèl Jounen an se yon devosyon ki pwodui pa Spirit Embassy: The GoodNews Church, ki pataje ansèyman pwofetik ak revelasyon Pwofèt Uebert Angel yo. Li dedye a gaye mesaj Jezikri a epi ranfòse kwayan yo ak Pawòl Bondye a.

POU PLIS ENFÒMASYON, LAPRIYÈ, OSWA POU PATISIPE, TANPRI KONTAKTE BRANCH LOKAL OU A:

Non Branch lan: Spirit Embassy Canada
Moun pou kontakte: Chaplain Othniel Dory
Nimewo Telefòn: 514-567-4664
Imèl:
Adrès:

Copyright © 2025 pa Uebert Angel
Tout dwa rezève.

support@goodnewsworld.com
www.goodnewsworld.com

Pou plis enfòmasyon oswa pou pataje temwayaj ou:
gnd@goodnewsworld.com | www.goodnewsdailydevotional.com

Pou grandi plis kòm yon kretyen kontakte nou:
UK: +44 3333 448 612 | **USA** +1 240 781 6942
RSA: +27 51 004 0209 | **ZWE** +263 773 195 955
Email: gnd@goodnewsworld.com





For further information on how to
grow as a Christian, please get in
touch with us at:

UK: +44 3333 448 612
USA +1 240 781 6942
RSA +27 51 004 0209
ZWE +263 773 195 955

gnd@goodnewsworld.com
goodnewsdailydevotional.com

**SCAN FOR YOUR
FREE DOWNLOAD**

